

GUKIRA IBIKOMERE VYO MU MUTIMA

Ubusabane Imana irondera kuri twebwe

Kees Hoek

Cegukira FATHERHOOD PRISON MINISTRIES FELLOWSHIP

GUKIRA IBIKOMERE VYO MU MUTIMA

Ubusabane Imana irondera kuri twebwe

Kees Hoek

Cegukira FATHERHOOD PRISON MINISTRIES FELLOWSHIP

Ntikigurishwa Ntigikurwa mu buraro

Urwandiko rwa 2, 2021

Kubwo ugusabwa kenshi kino gitabo, ubwa mbere cashizwe ahabona mu kwezi kwa Munyonyo 2020. Ibirimwo vyaratangiwe uburenganzira ariko bigasohorwa mu gice kimwe canke cuzuye ariko bikaba bitahinduwe na gato mu nyandiko, canke guhindurwa mu rundi rurimi, canke gushorwa canke gushirwa ahabona ata nsiguro zahindutse, ariko ukaba ufise uruhusha rwanditse cuwa canditse kandi uwugihawe akemera ko atazogurisha iki gitabo mu buryo bwose kubw'inyungu.

Ushaka kuronka umwanditsi, koresha Email: krelishouck@gmail.com or website www.FPMF.org.

Intumbero yacu n'ugushira ahabona ibitabo vyishi bishoboka kugira ngo dushikire abantu benshi mu kubaronsa ibitabo bitarihwa. Mu guterera uno mugambi turondera aho turonkeka hakurikira

IBIRIMWO

1. UGUKENGURUKA
2. IGITUMA IKI GITABO CARANDITSWE
3. INTANGAMARARA
4. UMUHAMAGARO WANJE
5. ABO TURI BO
6. KAMERE YACU Y'UBUNYAVYAHA
7. ICIGWA C'IMPWEMU MU BUZIMA BWACU KW'ISI
8. UMUTIMA N'UMUSHAHA – IBIBUGA VY'INGWANO VY'UBWAMI
BW'IMANA
9. IMANA DATA NA YESU KRISTO – ABADUKIZA
10. IMANA IKIZA IBIKOMERE VY'UMUTIMA
11. KUWA GATANU MWIZA
12. ISENGESHO RIKIZA

IGITUMA IKI GITABO CARANDITSWE

Iki gitabo canditswe nk'igikoresho njanabutumwa ku bantu baherereye muri Afrika yegereye ubugararwa bunini bwa Africa (subSaharan Africa) hamwe n'inyigisho zaco mu buryo bwo kumviriza (Audio) vyerekanye vyukuri ko cabaye igitabo ngirakamaro gose kuri bo. Kivuga cana cane ivyereke gukira kw'ibikomere vy'umutima mu gufasha abantu kumenya ko gucira imanza abandi ari yo ngorane dusangiye twese kandi ko hari n'inkurikizi mbi mu buzima bwacu. Kigaragara kandi nk'inzira nziza yo gukwegera aba isilamu mu kwihweza nkuko Kolowani itigera ivuga ibijanye n'icaha, ko vyukuri badashobora kuvuga ibijanye n'imbabazi kuri twebwe, canke natwe ngo tubabarire abatubabaje muri kahise.

Iki cyumviro ni nkenewe gose kuri twese abantu, kuko vyerekana ububi bw'icaha n'ukugene twokinesha kubw'amaraso y'Umwagazi w'Imana w'Imana, mu kurondera duciye bugufi Imana Data wa twese yo mw'ijuru.

Ariko ubwa mbere nagomba gushima Imana yo mw'ijuru Se w'umwami wacu Yesu Kristo, Umwana w'ikinege w'Imana yatanzwe n'Imana muri Mpwemu Yera mu nda y'inkumi Mariya nyina wa Yesu. Iyo Yesu atari kwumvira Imana Data, nk'umuntu atagira icaha, nk'Umwagazi w'intama w'Imana utagira agasembwa, akariha ikiguzi giteye ubwoba c'urupfu rwoku musaraba, inyuma yo gukengerwa n'abantu na Se igihe Imana yamuha umugongo aho atashobora no kumuraba no mumaso

kubw'ivyaha vya bose Yesu yari yikoreye ku musaraba. Sinari nkeneye kwandika iki gitabo kuko ntari kobo mfise kwishikira mu ubusabane n'Imana yacu yo mw'ijuru.

Iki gitabo nticanikwe kwiga kumenya Imana gose, ahubwo "kumenya neza bikwiye", iyishobora vyose, Umuremyi kandi Data, mu kuyirondera n'umwete mwishi n'imitima yacu yose. Intumbero si ukwerekana uko umuntu aronka ivyashaka vyose bivuye ku Mana, ahubwo kumenya intumbero n'igituma Imana yaraturemye hamwe nico Yipfuzza kwakira kivuye kuri twebwe: arirwo rukundo rw'ukuri rutagabanije vyo bimuhimbara bikanamuha icubahiro akwiriye.

Iki gitabo cerekana inzira imwe nkabana bayo y'ukugene twofasha Data gutuma bikunda, gutuma anezerwa mu kumwerekana urukundo tumukunda. Murivyo, turamumenya neza mu buryo bwimbitse aho tubandanya tuba abera nkuko naw e ari Uwera. Paulo yaravyandikiye aba Galatiya:" gushitsa aho dushushanywa na Kristo". Adam yarafise ishusho y'Imana vyukuri ariko yarayitakaje igihe yagarariza Se wiwe, kandi kubw'ivyo natwe naho ntitukigira icyo shusho. Imana yacu yipfuzza ko tuyihindukirira hama itangure urwo rugendo rwo kudusanura by kuyirondera n'imitima yacu yose, kubera ko Yesu yuguruye inzira ija kwa kwa Data mu kuriha igihano c'ivyaha vyacu, mu gupfa ku musaraba mu kwumvira ubugombe bwa Data.

Iki gitabo kirimwo uburyo bwo kwegera Imana mu guharira abansi bacu bo muri kahise kuvyo badukoreye. Mu vya ngingo, Imana ikeneye kuzana ibikomere vyacu vya kera mu bwonko bwacu, ikadutuma dusubira kubaho ugutuntuzwa kwatubayeko kandi ko biturengera. Naho biri uko, n'ivya nkenerwa gose ko dutabagura ivyo bice bibi bitugize, hama dusabe Imana imbabazi kuba twaraciye imanza

z'umururazi mwinshi ku bantu, duharire abatwononye hama dusabe Imana kudufasha gutangura kubakunda nk'uko nabo bahoze ari abagirirwa n'ukwonona. Guca mu bihe bibi bibaza vyoshobora gukorwa neza ufise ugushigikirwa mu buryo bw'ibigumbagumba, cane cane uri kumwe n'umugenzi w'igitsina kimwe, canke umukristo asanzwe afise uburambe mu gufasha abantu bari muri urwo rugendo.

Mu myaka namaze muri Afrika, nabonye ibintu vyantangaje ngishika ko urugezo rw'umuco n'iterambere mu buryo bw'impwemu ku bantu bari mu gice cegereye ubugararwa bunini bwa Afrika boba bameze nk'abisirayeri mw'isezerano rya kera. Kuyaga n'abanyafrika vyamfashije gutahura neza ijambo ry'Imana, ariko vyaranamfashije guhinduka gose mera nk'umwana, mpitamwo kugira ukwizera gusanzwe, arinakwo kwiza mu kubana n'Imana Data. Abakristo bo mu bihugu vy'I buraya bari muri Afrika nabo barashingira intahe iyo nyungu nyene.

Mu gihe c'abisirayeri, co kimwe n'abakristo b'uyu musu, baza hafi ku Mana kugira ngo bizigire, bizere, bumve kandi babone Imana yabo neza, ko yobakoresha mu kwandika ijambo ry'ukuri ryayo kubwacu. Barashobora kumenya mu mitima yabo ko ari Yo, ko "Ari uwutanga impera kuri abo bamuronderana ishaka", ariko kandi ko ategerezwa gutinywa no guhimbazwa kw'isi yose nk'uko Mose yabikoze, kuko Imana yacu "ntizobura gukuraho abibona hamwe no gukurikirana icaha ca ba sokuruza hamwe n'abana babo n'abuzukuru n'abuzukuruza gushika ku runganwe rwa gatatu n'urwa kane". Ariko bari bazi ko barondera ubwugamo nawe, kuko ari" Imana y'imbabazi n'ubuntu, yuzuye ubwiza n'ukuri ifise impuhwe kuri benshi, iharira ivyaha n'ibicumuro. (Kuvayo 34:6-8). Rero abantu baherereye mu gice c'ubugararwa bunini bwa Africa hamwe n'ukwizera kwabo nk'uko umwana bashobora kuza hagufi y'Imana igihe bokwigishwa ivyerekeye

Ko ari Imana n'Umuvyeyi. Naba Isilamu baba muri ico gice, mu bukene bwinshi nko mu misi y'isezerano rya kera, barazi ko bategerezwa gutinya Imana yabo no kuyihimbaza bafukamye no kwubika hasi mu maso habo mu kwubaha Imana, barashaka kumumenya gose.

Aba bantu bagowe nk'abisirayeri mu gihe cahise. Ubu niho ntahura gose igituma ubwami bg'Imana ari ubwaboro mu mitima (Matayo 5:3) nk'uko Yesu yigishije. Igihe ndabigisha turi kumwe canke biciye mu kwumviriza ivyigwa ndoramana, bishura Imana yabo nziza n'imitima yabo yose nka kurya abana bagira, kugira ngo Imana yihishure mu nzira zigitangaza nk'uko yasezeranye mw'ijambo ryayo muri Yereimiya 29:11-13: "... Ndazi imigambi ngufiseko, niy'ivyiza siy'ivyago kugira nguhe kazoza keza n'ivyizigiro, kandi igihe nicaza uzompamagara, kandi uze unsenge, nanje nzotega ugutwi numvirize kandi niwandondera, uzombona, niwandondera n'umutima wawe wose. "Imana iriyereka abo bose bayirondera n'ishaka!

Igihe mba ndiko ndavugana nabanyafrika barakorwa cane mu buryo bw'impwemu, ubwanje naje kuteza imbere ubugenzi na Data wo mw'ijuru, kandi nezerejwe no gusangira ibi nawe, mugenzi musomyi.

Kees Hoek

11, Ntwarante ,2019

INTANGAMARARA

Kees Hoek yakuriye mu gihugu ca Pays-Bas mu gihe intambara ikomeye yaba Nazi mu gice ca mbere c'umwaka wa 1940, yar'afise vyibura nk'imyaka ibiri igihe intambara yashika muri Holland. Abavyeyi bari abizera basengera muri Dutch Reformed bafise umutima wo gukorera Imana, hama vyerekanywe muri iyo ntambara umwitwarariko no kwitanga kwabo mu muhari wasengera musu y'inzu mu Budagi: biyamiriza intambara iteye ubwoba yo gukumira abantu bifatiye ku rukoba barwanywa n'abayuda n'umurwi waba Nazi, abavyeyi ba Kees

- Banyegeje abantu b'abayuda
- Banyegeje abatanga ibirwanisho ku barwanisha indege zononywe
- Binjije mu kinyegero abantu mu bubiligi ngo bidegemvye
- Bafashije abagabo bategerezwa gukora mu mahinguriro y'ibyuma vy'intambara vy'abadagi mu kwinyegeza kandi
- Batagaburiye neza mu gisagara cose kuga kugurira indya abantu bose binyegeje.

Nubwo vyari uko, abavyeyi biwe bari bafise imitima vyukuri yakomeretse arinavyo vyazanye ukutumvikana hagati yabo, ivyo navyo bica bisiga ibikomere mu bana babo.

- Umwaka wa mbere w'ubuzima bwiwe, Kees yawumaze ari mu gitatanda ciwe hejuru mu nzu
- Abana bose bari bafise ubwoba bwo kuja kuryama, barondera aho boja kwinyegeza impwemu mbi mu buraro bwabo.

- Kees yibuka yashize umutwe wiwe mu vyo yifuka afise ivyigiro ko impwemu mbi zitamenya iyari.
- Yama yibuka kandi ko mw'ijoro ategerezwa gukubagurwa mu ndoto ziwe.

Ku myaka indwi, Kees yagize na Yesu Kristo umukiza wiwe, amusezeranira ko azomwubaha nuko umutima wiwe uri mu mahoro mu mwaka kanaka, ariko ingorane zagumye zigaruka kenshi.

Amaze kurangiza ivyigwa vyawe vyo gukora ivyuma, Kees yarakoze mu gisoda gikorera mu kirere c'umwami wico gihugu imyaka ibiri nk'umuhinga ibimenyereye, hama aja gukorera ihinguriro rinini rikora ivyuma vyerekeye gutunganya amahinguriro mu gihe c'imyaka itandatu. Mu mwaka wa 1969, yarimutse yimukana n'umukenyezi wiwe n'abana biwe bane muri Leta zunze ubumwe za Amerika kugira ngo akore ivyerekeye ubudandaji, ariko umuryango wiwe wasigaranye nawe muri leta ya Washington akora ivyerekeye gutanga umuyaga mu mazu (Air-conditioning) abikora imyaka 32. kandi, naho yarakunda Yesu, umutima watanguye kumuzanira ibibazo vyishi uko yagenga arakura, hanyuma aramenyakana mu icyo gisata yakoreramwo "bamutazira kwari umusazi"

Inyuma yaho umukenyezi wiwe afiriye ku myaka mirongo itandatu biturutse kuri kanseri y'ubwonko, yaronse umuhamagaro mwiza mu majambo munani yavugishijwe biciye mu bantu batari banamuzi. Azohinduka Se w'urwaruka rwinshi batigeze baronka ba Se babo, naho ubwambere bisaba guhindura imero bisaba kubaho. Kees yaragiye munyuma araca mu bihe vy'umubabaro bimuvuyeko

vyamutuma yisuzuma araba ubuzima bwiwe atangura gusaba Imana imfashanyo, hama Imana Data itangura kumuhindura umutima, Imana yacu iriyoroheje, bisaba ko tuyibwira igakora ico gikorwa co kuduhindura.

Imyaka myishi irenganye, ayo majambo y'ubuvugishwa yabaye ayukuri mu nzira z'igitangaza. Ubwa mbere Kees yavuze ubutumwa buri musu imyaka itatu irahera mu mabohero muri leta ya Washington ari kumwe n'abandi bava mw'ishirahamwe ryitwa Full Gospel Businessmen's Fellowship International (FGBMFI), inyuma yaho yarangorewe mu kibano gikenye mumaja epfo muri mu bwami bwa Swaziland aho yabanye n'abantu baho: ababwira ubutumwa bwiza, yubaka amashengero yo gukoraniramwo, agendera amabohero kandi aho hose yagenda yiga n'umuco wabanyafrika. Amaze kwiyumva aroraniwe ari kumwe nabanyafrika, umutwarariko wiwe wose haciye wimukira mu mabohero, ariko muri Afrika hanyuma yaho hatanguzwa igikorwa c'ishengero ry'ubuvyeyi mu mabohero (Fatherhood Prison Ministries Fellowship).

Muri 2012, yashizeho inyigisho za Bibiliya mu buryo wumviriza bugakoreshwa n'umuriro ntanganguvu uva kw'izuba, yayise kwiga wumviriza Bibiliya (Audio Bible Teacher: ABT). Harimwo ivyigwa vya Bibiliya mu rurimi rw'icongereza no mu gi siSwati mu bibanza binini binini muri Afrika yo hepfo. Rero, abafunzwe mu gasho barashobora kumviriza ijambo ry'Imana mu mirwi inyuma yo kwugara ibohero mw'ijoro. Kuva muri 2013 Kees aca ajana ico gikorwa mu gihugu ca Malawi, Zambiya, Mozambique, na Tanzaniya,

yongera ahindura izo nyigisho mu ndimi nka Chichewe, ChiYao, Portuguese, Swahili and Maasai, kandi akorana n’abantu b’imvukira zaho nyene bafise ivyiyumviro vy’ijanabutumwa mu kuzisanzagiza mu mabohero no mu burere bwo mu gihugu hagatiho abantu benshi badashobora kwisomera. Izi nyigisho ziriko zishirwa no mu zindi ndimi z’iki gitabo.

Iryo kanguro ryarasasagaye mw’ibohero ryitwa “Death-row” mu gihugu ca Zambia muri 2015 mu bagabo bashika 337 n’abagore barimwo, aho n’umukuru w’igihugu ca Zambia yaciye akuraho imanza zo gupfa, aranazigabanura ashira ku myaka 25 yo gufungwa, abagabo 48 hamwe n’abagore bararekuwe muri ico gihe nyene. Umwunganizi w’uwurongoye ibohero yavuze ati” inyigisho ziri muri aka gakoresho zarahinduye amabohero yacu”. Kubera mwene ayo makanguro mu mabohero yabaye, twaciye dutwara ico gikorwa mu burere bwo mu gihugu hagati ku bantu badashobora kwisomera. ibiharuro ngereranyo vyerekana yuko mu mpera z’umwaka wa 2018, ica kane c’umuliyoni kirenga c’abantu bo mu bwo burere baje kuri Yesu Kristo mu gihe bumvirije mu mirwi y’abantu bashika 10 canke 30.

Vyibura ama raporo yerekeye umwimbu w’ihinduka kubw’ico gikorwa, yerekana ko abantu bahindikiriye Imana yo mw’ijuru kubwivyo vyigwa vya “Gukira ibikomere vyo mu mutima”. igihe abantu batanguye kubona umururazi wuzuye mu mitima yabo bitumwe n’ubukene, kwononwa canke ugutabwa, kubonwa nabi, hama bagakurikiza urutonde rwo gusenga muri ivyo vyigwa, batangura kumva amahoro mu mitima yabo aho bamenya ko Yesu

ari muzima kandi ari umukiza n'umwami wabo. Ihinduka ku ba isilamu naryo ryari igitanganza. Igitabo cabo Koran nticigera cigisha iverekeye icaha, kandi ivyerekeye uguharira bivugwa indenzako, ariko bo nyene igihe basenga Imana ngo Ibababarire kubwo umururazi bafitiye abababaje muri kahise kabo, baronka amahoro bakamyenya vyukuri ko ayo ari inyigisho y'ukuri kandi iyi ni Imana y'ukuri. Bemera amajambo ya Yesu avuga muri Matayo 11:30: "mwikoreze ingata yanje itababaza kandi umutwaro wanje urahwahutse". Bifata amayinga makeya kugira ngo abarongozi babo bemere Yesu kwari Umwami n'Umukiza wabo, ariko benshi muri bo kubo gukingira umutekano wabo bashima kuguma mu misigiti no mu bibano vyabo, ahandi naho bakarungika abana babo kubwinshi ku mashure yabakristo aho bishoboka. I Lusaka, muri Zambia, vyafashe amezi 20 kuva aho izo nyigisho zitangiye ku bakuru 2 b'iryo dini kugira ngo Imana igwize imirwi y'abumviriza ivyo vyigwa, gushika ubu, mu kwezi kwa mbere 2019, imirwi y'abantu barenga 17,000 arahura kub'ico gikorwa.

Twakiriye raporo nziza yavuye I Lusaka ku wa 23 Munyonyo, 2018 ivuye mutwarabutumwa w'imvikira yaho: "Uyu musu nakurikiranye igikorwa ca ABT mu karere ka Makeni. Nasanze abarongozi dukorana bafise iyindi mirwi mishasha mu mayinga abiri yonyene, kandi banezerejwe nivyonyene Imana iriko irako irakora, bambariye bati ntivyoroshe kubumvisha kuza mu bukristo, ariko uko ibintu biriko biragenda kwose n'Imana yonyene ibikora."

Raporo yakurikiye niyo ku wa 19, 2019 igihe Kees yariko yandika iki gitabo: "Numvise akarorero kumu Isilamu w'umushingantahe yashoboye guharira umuntu yari yararahiye ko atazopfa ababariye,

hari mu nyuma yaho yumviririje ubutumwa bw'imitima yakomeretse. Nabwiwe yuko ubu nawe ariko avuga ubutumwa bwiza akoresheje ubwo butumwa nyene. Ndanezerewe nuko abantu bariko barakira.”

Abanyafrika ni abantu bafitaniye imigenderanire batahura ko Imana Data ko ishaka tuza kuri Yo, kandi ni muri ubwo busabane nyene ikintu cose gishobokanabonye kenshi Imana ikora utwumiza ndiko ndasengera abantu, ariko ubu ndatahura gose ko ukwizera kwanje ataco gufasha kubw'igitangaza ngo kiboneke, Imana niyo ikorera ku kwizera kwabo ikabakiza.

Kees gushika ubu nawe yarateye intambwe cane mu kwizigira Imana, naho vyaje biciye mu mubabaro ukomeye cane mu buzima bwiwe no gukira kw'umutima wiweyimenyereje kutitanganiza kuja imbere y'Imana mu gukora ivyo yipfuzaga gukora, ariko ubuho ararindira Imana ikugurura inzira. Kees yavuze ati “Mu gihe nija imbere ngakora, noba vyukuri mu bujuru bwanje ndiko ndarongora Imana yanje, ni umwungere mwiza azi neza aho anjana nivyongora gukora, rero vyukuri nize kumukurikira.”

Ubu nokwandika igitabo cerekeye ibikorwa vy'ibitangaza vy'Imana Data mu buzima bwanje, novuga mu mazina bikeya:

- Muri 2002, Imana yarantwaye ku nguvu ngo ntangaze gusohoka aho data wacu imbohe yaramaze imisi indwi atikoma, muri iryo joro nyene, aho abaganga bakomeye bari barindiriye gitera igikumu ngo bamukureko ivyuma vyafasha uwo murwayi. Iryo joro nyene yarahagurutse hama ajanwa mu kigo co kumenyerezwa gushasha ubuzima bwo hanze.

- Muri 2009, abamalayika b’Imana barateruye imodoka twarimwo ihushije ikagwa ku metero zitatu ahantu hanyika mw’ihwaniro ry’amabarabara hariko harubakwa. Hama twisanze ku rundi ruhande rw’ibarabara kandi igikomeye. Iryo sanganya ryari kuba rwatwishe, ariko igikorwa ca Data co gushikira imbohe idukoresheje cari kuba giheze.
- Muri 2015 nasengeye imbohe yari impumyi ifise imbonero zera cane, igihe nagaruka ameze atandatu aheze, yaraje aho ndi arashima Imana ko yamuhaye kubona kandi. Harabayeye ikanguro mu mboge zari zihari muri iryo bohero "Death-row"
- Muri 2015, narasengere imbohe yari ikimuga yategerezwa gufatwa nabagenzi biwe mu guhaguruka, ku musi ukurikira yari yakize neza.
- Muri 2017 na 2018, ndi mu rugendo n’umuduga, narashoboye gutoroka abasuma n’imitego yabicanyi muri Mozambique no muri Malawi, vyateguwe n’abanyabaturire kandi bajejwe umutekano.

Umugambi wa Yesu ntuhinduka na gatoya, ibimenyetso bizokurikira ivugavutumwa kubazimiye. Ibitangaza si ivyanjeariko nukugira ngo abazimiye bizere.

Nanditse izo ntahe haruguru si ukugira ngo ntere inkuru zitwenzana, ariko nerekaneko arivyo agaciro kuri twese kurondera Imana n’imitima yacu yoseno kurondera ugukiza kw’Imana ku bikomere vyo mu mitima yacu. Ntutebagane nkuko jewe nagize, kugeza aho ubuzima bwanje bujya mu kaga, hama Imana Data ikampamagara kuyikorera.

Narasabwe nabanyafrika nabanyamerika b'abagenzi ko ivyo vyigwa bifise ihindurabantu rikomeye" Gukira ibikomere vypo mu mutima", ubu vyarashizwe ahabona mu buryo bw'inyanduko.

Ndasavye, ntukomantaze umutima wawe ni wasoma kino gitabo, wipfuzwe kumenya gose icyo uwu mwanditsi yavuze, ndagusaba wumvirize n'umutima woroshe, nko guharira abansi bo muri kahise ni nkenerwa gose kuza hafi y'Imana. Namba twibaza ko turi beza gose kubwo ubugwaneza bwacu, ntituzoba turiko turakenguruka ivyo Yesu yakozwe kubwacu, ko Yesu yarishe impongano y'ivyaha vyacu, yamara dukwiye kuba abera nkuko Imana Data ari Iyera. 2 Tesalonika 2:13 havuga neza ngo "Ariko bene Data bakundwa n'Umwami wacu, biradukwiye kwama tubashimira Imana, kuko uhereye mbere na mbere Imana yabatoranije ngo muronkere agakiza mu kwezwa na Mpwemu no mu kwizera ukuri."

UMUHAMAGARO WANJE

INTANGAMARARA NGUFI IKENEWE:

Nta kintu na kwimwe ciza muri jewe cotuma Imana ishira umutima kuri jewe, Atari imbabazi n'ubutu bwayo. Meze nk'uwarewe weseigihe ntahuye vyukuri ko Atari jewe narondeye Imana Data n'inkomezi zanje, naganirijwe n'umwami Dawidi avuga ati: Mbega umuntu n'iki aho umwibuka, ukamyiyumvirako kandi ukanamugendera?" Ese ingene nkunda Imana Data kandi nipfuzza ko icibuhiro ciwe camamara mw'isi yose? Ni kuki none ubuho nisanga mu gikorwa njanabutumwa muri Afrika? Sinigeze ndamurondera n'umutima wanjwe wose, hama Imana yonyene impa gukora igikorwa cayo. Uwu munsu novuga nshize amanga ko vyukuri nari meze nk'umusazi mu buzima bwanje ko ntamurondeye hakiri kare. kandi n'ubu hari vyishi muri jewe bituma ndamufata minenerwe. Nk'uko Umwami Dawidi avuga muri Zaburi 8:5 Kubwo Ubuntu bw'Imana yatugize nk'utu Mana duto, ikamwambika ubwiza n'icubahiro nk'igitsibo" ariko ubuho ntanguye n'ugutahura igituma Imana ivuga kenshi ko ikwiye gutinywa, bisigura ngo:

“gutinya Imana niryo tanguriro ry'ubwenge.”

“ugutinya Imana ni kwiza.”

“ugutinya Imana ni zo nkomezi zanje.”

“mu gutinya Imana harimwo ugutinyuka kandi abana bayo bazoronka ubuhungiro.”

Nama numva kenshi ko Imana Data n’Impwemi yiwe nomuhamagara nti “Abba”, n’ijambo Paul yakoresha ryasigura “Papa”. Ryerekana ubusabane mufitaniye n’Imana Data kurusha ubwoba. Ariko rero, nk’umuhungu muto nama nkeneye kugira ubwoba ku bavyeyi banje ari nk’igihe nakoze ibibujijwe. Turi abantu bakeneye ibintu nkuko turemanwe uburyo bubiri bwo kwiyumvira; egome tubandanya mu rugamba rw’impwemu mu muntu wacu w’imbere hamwe Na Data akizigira ko imisi yose tuzohitamwo kumwubaha.kandi igihe cose tubikoze ubwoba burahunga natwe na Data tukanezererwa ubucuti. “Urukundo rufuka ivyaha vyinshi.”

Imana yaturemye ngo dushitse intumbero Zayo mu buzima bwacu, Ifise umugambi kuri buri umwe wese. Aruko gusa sinibaza ko nari no kwegera aho Ari iyataba umuhamagaro wiwe ku buzima bwanje. Yari yampisemwo aho nari gushobora kuvyikuramwo, yari gusemerera kugira ngo nimvirize neza. Imana irakunda gukora mwene uko ku bantu Ishaka gukoresha kandi bayikunda, naho boba bafise ivyaha vyinshi. Raba uturorero two muri Bibiliya dukeya:

Mose, yarahunze kugira akize amagara yiwe kuko yishe umunyagiputa, ariko niwe Imana yahamagaye mu gisaka gisha kidatemuka kubwo umugambi munini wo kurongora ubwoko bw’Imana bw’abisirayeri abakuye mu buja akabajana mu gihugu Imana yabasezeraniye. Ariko rero yategerezwa gutegurwa kugira ahindure inyifato yiwe ubwamnbere kugira ngo ace bugufi,yorohe

kandi n'umwungere yihangana avuye mu baganwa bibona bafise inyifato y'ubwishimwe yononye ubuzima bwabo vyafashe imyaka 40 y'ubuzima bwiwe ariko hanyuma Imana ivugana na we "imbona nkubone"(Guharura 12:7-8).

Yosefu, wa musore yiyemera gose yibaza ko yokwigisha barumunawe bamukurira gushika yaho bamwanka, ariko Imana imuhamagarira umugambi wayo mwiza wo gukingira ukuza kw'uruvyaro rwa Eva no kuzigama isezerano ry'Imana mu kurishitsa kuri Abraham kugira rishike, ko biciye muri urwo ruvyaro amahanga yose azohezagirwa.

Na Yosefu nuko yarakwiye impinduka mu nyifato yiweno kwiga kwishigikiza Imana ya Se, ivyo nawe vyamusavye imyaka 13 ari umugurano aja no mw'ibohero. Ariko yahavuye aba uwitonda araca ubwenge gushika naho aharira bakuru biwe n'umutima wiwe wose igihe yababwira ati:" Ntimugire ubwoba kuko sindi mu kibanza c'Imana? nkuko mwari muri, mwankoreye inabi, ariko Imana Yo yagihinduye iciza kugira ngo itume benshi babaho.Ntimutinye, ndabaronsa ico mwaje kurondera n'abanyu; yarabahumuriye abavugisha neza n'urukundo" (Itanguriro 50:19-21)

Dawidi, uwatumye ba sogokururu b'I Buyuda hatari hemerewe gusengera hamwe yongera aba n'umwicanyi, niwe Imana yahamagaye kugarukana ihanga rya isirayeri hafi yayo, iramwigisha kugira ngo abe umwungere mwiza w'ubwoko bw'Imana ,umwami, umuvugishwa, n'umwanditsi w'indirimo mpimbazamana n'ubuvugishwa kub'icubahiro c'Imana ya isirayeri.

Paulo, uwita umunyavyaha aruta bose, nawe yabaye uwatoranijwe mu gushitsa intumbero y’Imana, yanditse igice kinini c’isezerano rishasha. Ariko vyamusavye ko arinda guhura na Yesu ubwiwekugira amugarure kandi aca no mu mibabaro myinshi kugira ahinduke mu nyifato bikunde ngo abe umukozi wa Yesu abushitse.

Hari abantu benshi basa naho badakwiriye gukoreshwa n’Imana mu mugambi wayo, ariko niwe mubumvyi natwe naho turi ibumba mu kiganza ciwe. Imana iradutegura mu gukoreshwa ngo intumbero zayo izishitse biciye kuri twebwe, ntitwari tubikwiriye , ariko riba ari iteka ryo kuja muri uwo mugambi.

Kuki nitabiriye uwo muhamagaro? Nta kindi nari gushobora Atari ukwumvira kuvuye mu rukundo, aiko kandi harimwo n’ubwoba bwo kureka kwitabira umuhamagaro ugaragara neza. Namye niyumvira kandi mbaza Imana,”ni Kuki wahisemwo jewe, umuntu agoye nka jewe, uwababaje abandi, harimwo n’abana biwe n’umugore wiwe?” ubu ndatahura vyukuri ko ubuzima bwanje nacyemwo kwari nkukuntegurira igikorwa c’Imana ndimwo uwu muni, naho ntigeze ndabibona. Nico gituma narongowe kwandika ku vyerekeye gukira ibikomere vyo mu mutima, kuko narabibonye vyarambayeko kenshi. Ariko gutangura gukorera Imana vyansaba kubanza gukura ukwiyorobeka hamwe n’umururazi wuzuye mu mutima wanjye. Mbega noba naratahura neza uko meze? Oya namba, none ni gute ugukira kwari kuboneka igihe Imana yonyene itari kumfasha, kuko Yo yarizi aho nkeneye gukira.

Mu mwaka wa 1997/1998, igihe umugore wanje yariko arapfa arwaye umugera wica wo mu bwonko (Brain-cancer), Imana yadukoreye ibitangaza vyinshi ndiko ndamuririra ngo agire imbabazi amukize kuko sinabona neza uko nari kubandanya kubaho ntamufise iruhande yanje. Ariko mu ntango yiyo ndwara, Imana yaramuhaye gukira biradungaza hamwe n'umuryango n'abavuzi baraho.

Ariko igihe umugore wanje yapfa, Imana Data yaranyiyegereje gushika yahoo ndayikunda cane gose kurusha mbere, hama ndayibwira nti "Mwami, watwaye uwari umukunzi wo hafi nari mfise, none ubu ndagukunda incuro mirongo ibiri zirenga, utegerezwa kuba uri Imana ko wakoze ivyo. Ariko kuki utagarukanye ubuzima bwiwe? Mbega ntiwaduhaye ivyo dukeneye twagusavye vyose muri uyu mwaka urenganye? Sinari menyereye guhita ndonka inyishu, ariko naratangaye gose numvise ijwi risamirana : "Waramukunda rwose cane kurusha jewe, kandi namye nipfuzza kugukoresha!" Ubwo bwabaye ubuvugishwabwa mbere bw'umuhamagaro wanje bwatumberejwe kuri jewe ku giti canje, igihe ndiko ndiyibutsa ku myaka yanje 18 narumvise uwo muhamagaro nyene, ndabiyagira umukunzi wanje yahavuye aba uwo twubakanye imyaka yose ingana na 42 twubatse. Ndarira nongera ndavuga ati : "Data, ndasavye imbabazi, ariko guhera aya mango, nzokwama ndi mgaha ku bwawe, kandi igice c'imishaha izoza kuri wewe kizaba icawe." Kandi nukwipfuzza kw'inshi nca ndarindira uburongozi bwayo.

Reka ntere intambwe nishure kuvyonyo nibaza ko bamwe muri mwe mwibaza; umugore wanje ntiyahanywe n'Imana kugira ngo lahitse

imigambi yayo kuri jewe. Umugore yari yarambwiye imbere yuko yitaba Imana “Kees, ninakira tuzojana mu gikorwa c’ijanabutumwa.”ico gihe yariko aravugishwa naho yariko araca mu mibabaro kandi yibona yakize ari no mu gikorwa njanabutumwa turi kumwe. Ubu ndemezwa neza ko vyari vyo, yarakize kandi ari kumwe nanje mu gikorwa kandi arasengera. Ni umwe mubo Imana yakoresheje mu kunsengera, mu myaka yakurikiye kw’isi. Mbega hoba harimwo ukwihimbaza? Ndi uwo ndi uyu musu kuko ico Imana yangize kugira ngo Inkoreshe kubw’icubahiro cayo!

Ku wa 14 Ruheshi 1998, haheze ameze abiri atashe kwa Data, naronse ubuvugishwa bwa kabiri buvuye k’umuvugabutumwa yariko arigisha kw’ishengero iwacu. Mu kurangiza ikoraniro ryo ku mugoroba, yaratumitriye abanti bafise ibibazo kwegera imbere kugira basengerwe. Ndabwira Imana Data nti nashaka kwumva ubuvugishwa butomoye buvuye kuri we kurusha gukira ububabare mu kiyunguyungu; nari nkeneye gose icemezo c’umuhamagaro w’Imana ku buzima bwanje kuko nizera ko n’umugore wanjye naho yatashe yari mu mugambi w’Imana. Igihe umuvugabutumwa yegereye aho nari ndi, ntakintu na kimwe nigeze mvuga cerekeranye nuko mperuka kubura umugore wanjye, canke gushaka kuvuga n’ijambo na rimwe. Ntanguye gusenga, ijambo ry’ubuvugishwa riza gitumbuka.

Kees :” Mfise ikiyunguyungu kibabara, cane cane ku ruhande rw’I bu moso.” Keith:” Egome, ni vyiza. Mbega Imana izogukiza ryari?.....ryari? ”Kees aradidinganya hama bose baca baratwenga.

Keith:” Urafise ingorane mugenzi, ariko nditeguye gutangura, turaraba ivyo Imana ishobora gukora?”

Kees: "ndazi ko Ishobora kubikora. Ico novuga gusa : Mana ingo ufashe ukutizera kwanje' ivyo nivyo novuga"

Keith: "uri imvugakuri mugenzi, kandi imana igiye kugusanga ahuri, Amen? Kandi ubu nyene, Halleluya!"

Hama haza igitangaje:

Sivyo gusa, Imana igufitiye intumbero nziza. Imana yaguhamagaye kuzana ukuvuka, gushiraho igikorwa gishasha aho uzohagarara mu nkomezi zanje, mu kiyunguyungu cawe nko kuvyara biiye mu kwizera gushasha kandi kizana icubahiro c'Imana. Ubu nyene, Urakoze Yesu.

Mu gukora ku kiyunguyungu, agendagenda mu kibanza co kumusaraba aho bazana indwara bakanavuga bati "Irarangiye" Mwami, kora igikorwa cawe ku muhungu wawe, aho mu mishishagu yiwe dukirira n'imivumo yose ikavaho mw'izina rya Yesu. Urakoze Yesu. Naragutoraniye ngo ukomere, naragutoraniye ngo weme kandi uzorandura abansi bose bogerageza kukurwanya. Kuko ijambo ryonyene ni niryo naguhaye ngo ribe inkinzo y'ukwizera kandi umwansi ntazogushikira. Ntucike integer, kuko hoba hari amasengesho asa nayatishuwe. Ariko warashikamyewe Yewe Yakobo, uzihindurwa isirayeri (bisigura: "Umukundwa w'Imana ") kandi uzoja mu kibanza c'intsinzi.

Urakoze Yesu, Urakoze Mana. Ubonye ubwiza bwanje kakandi uzobubona kenshi nzokuramira ubwanje, nzobana nawe kubiri imbere vyose. Ntutinye. Urakoze Yesu, Urakoze Mwami. Amen.

Zungurutsa mu kiyunguyungu. Hari ico wumva ngaho? mbega hari ubushobozi bw'Imana wumva? Ndumva ubushobozi bw'Imana. Ubu ndabona igituma ikiyunguyungu kimeze uku."

Kees :”ndumva, ndumva urukundo rw’Imana.”

Keith:”egome, ivyo wumva nivukuri, kuko uribuka mu kiyumguyungu ca Yakobo, avuye muri ca kibanza, yarahagumye kandi Imana yarafashe, Imana izogushoboza muri burya bushobozi nyene, mu kwerekana no guhinduka mu kamere hama utere uja imbere.”

Kuva uwo musi sinasubiriye kwumva ukubabara mu kiyumguyungu ci bumoso na gato kuko kurundi ruhande ho nari nakize burundu.

Hanyuma ku mugoroba wakurikiye ku wa 9 Ruhuhuma 1999, ubuvugishwa bw’abantu bashika bane ntanazi, mu misi atanashika n’itatu. Ndi mu murwi muto ukoranira mu nzu, haje umuntu mushasha kuri jewe :”Kees, numva Imana imbwira ko ugiye kuba Umuvyeyi wabakiri bato benshi batigeze baronka abavyeyi babo, abo abavyeyi babo ata mwanya wabo bafise, binwera inzoga nyinshi, bahunze, batagitaha I muhira, etc. “ sinabihaye umwanya, naravyirengagije, ariko ku mugoroba wakurikiye, imbere yuko ikoraniro ryacu ritangura rya nimugoroba, nagiye kuramutsa abaheruka kugira ubugeni kw’ishengero ndiko ndabereka amasanamu y’abakorera ishengero.

Aranyitegereza, aravuga ati nariko ndakira inkoni y’ubuvyeyi iri hejuru yanje ivuye ku Mana hamwe niyo intumwa, umutanguzamashengero, kandi bazokwamaho. Aravuga umwanya mutoya n’ibimenyetso, ati ariko ivyo nivyo nshoboye kwibuka.

Muri iryo joro nyene haza ikindi gitangaza aho umuvugishwa w’umukenyezi asanzwe azwi neza yaje aravuga, but sinibuka nakimwe yoba yarigishije, ariko mu mpera z’inyogosho aca atunga urutoke kuri jewe avuga ati ndagifitiye ijambo ry’Umwami. Hari nk’abantu bashika nk’amajana atatu 300, ariko nijewe jenyene natowemwo. Ubuvugishwa

bwiwe bwari bwerekeye umuhamagari wanje, ariko vyose vyari vyerekeye ubwa mbere kubanza gukira umutima, sinatahura gose vyishi kuri vyo.

Ibi nivyo Imana yamvuzeko :

“ sinizeye gusa kuwo musu uzoza, ariko uwo musu uzoza igihe uzohazwa n’ivyifuzo vy’umutima wawe mu gishingo caho kare wahora wumva ko ari amagorwa, kandi n’ubwenge bwawe bari bwakubwiye ati “Ntibishoboka”, hazoza igihe usigare wumva Mpwemu Yera avuga :’ Ndi Imana yibidashoboka”. Kandi Imana igiye gutuma utera uja imbere ku giti cawe hama utangure gukora ivyo bidashoboka. Kuri wewe ntibishoboka kubikora, ntibishoboka kuri wewe kubishira hamwe, ntibishoboka kuri wewe kwikiza ngo wikure mu vyo urimwo. Ubu rero, ko Imana yagumye ugucura, ariko haribindi bice vy’ubuzima bitaraba rwiwe ariko nibisanzwe nabandi bose niho baciye kugira bashike kuvyo bashitseko, nmawe naho ntutandukanye nabo.

Urazi, hari ibintu vyinshi mu mutima wawe wagumbiriye igihe kirekire, bimwe ni vyiza kandi bikeneye kuboneka. Irindi jambo nahawe kuri wewe, wagerageje gutorera umuti ivyakubayeko muri kahise kawe, nta yindi ntambamyi igihari ukibaza cane ku bantu uzorera kandi benshi b’urwaruka cane cane kandi ibintu vyose ni vyiza kandi bizomera neza kandi uzoronka ivyo bakeneye, Atari ivyo bagomba, kuko ...”

Natangaye gose kuburyo ntashobora kubandanya nifashe, nca nsanga namuzibije mu kuvuga ati :“ Wow, ubu bugize gatatu kuva mw’ijoro riheze nakiriye ubuvugishwa ko nzoba umuvyeyi w’urwaruka rwinshi ata vyo nasavye.”

Ku musu ugira gatanu, ku wa 12 Ruhuhuma 1999, habaye ishirwa ahabona ry’ishirahamwe FGBFI, uwari yateguye kuvuga kuri uwo musu, umugabo ntari bwigere mbona mu buzima bwanje, acishamwo aravuga

ibisa kurya nyene wa muvugishwa wundi yamvugakko, aca antunga urutoke. Aka niko gace yamvuzeko:

“Ndabona ko hariho amavuta y’intumwa uriko uragenderamwo, hari umutamana ugiye kuza kuri wewe, kandi uzokwamaho, sikintu uzokura ngo wongere wambare ariko uzogendera mu bushobozi nk’intumwa. Hari umutamana w’umwigisha uzoza muri wewe, nkuko Paulo yari umwigisha n’intumwa mu bushobozi, yar’asanzwe ari umwigisha. Abigisha bavuga ibintu ku buryo uwigishwa ashobora kwakira kandi agashobora kwizera no kugaburirwa kubw’ivyo yavuze, nivyo? Rero ivyo uzaniwe n’umutamana w’umwigisha, kandi ni ingabire izogenda irakuzwa ni nko kwimba ngo umenye ugutahuzwa n’Imana, ntugasigeho n’ibintu bitobito, iki ni igihe c’Imana hamwe nivyo Imana iriko iravuga kubw’ishengero ryayo,ku mashure,ku bantu bayo. Ndabona amashure meshi kubw’impamvu kanaka, amatwi yawe yahange amashure, nnivyo? Kuko hashobora kuba ariho Imana igutumye gutangura gukorera igikorwa c’Imana, wavyumvise? Urakoze Mwami.

Ufise amavuta y’ubuvyeyi kandi nibukijwe icanditswe aho Yesu avuga ngo:”Mama ni nde,kandi Data ni nde,kand mwenewacu na mushikanje ,ni uwo wese akora ubugombe bwa Data yandungitse.”ni abantu benshi, bahebwe n’abavyeyi babo b’amaraso canke batwawe gose n’iyindi myitwarariko canke bakabahohotera kandi ivyo vyonona gose imigenderanire yabo na Data wo mw’ijuru. Imana ivuze ko iguhaye ugushobora kunagura iyo migenderanire na Data wabo wo mw’ijuru, Atari gusa na Mpwemu yera na Yesu. Urakoze, Mwami.

Ndiko ndabana amashure menshi yashikiriwe cane cane urwaruka. Biboneka nkaho ugiye gufasha gushiraho umushinge mwayo mashure, bisa naho ugiye kugendera amashure no gushiraho umushinge mu mitima yabanyeshure, ndabona urwaruka rwinshi rushikirwa.

Ho, mbona ku nkono ikaranga hariko ifi, kandi izo ni imfungurwa zurwo rwaruka. Oh, weho ndakubona nkiyo fi!

Ndiko mbona ubuhinga bwa none nk'inyishu Imana igiye kuguha, ugiye kuba uwambere kubwakira. Bumeze nk'inyishu ku ngorane aho womenga twari twarabunyazwe, wanashaka nubu buryo ngurukanabumenyi bushobora kugendurwa n'umwansi, harimwo ama terefone, ivyogajuru. Ariko harivyo Imana izoguha bizoba ivyo uzoshirahabona ubwawe hano kw'isi. Ni bishasha, ni Imana iriko ikora ikintu gishasha mu mitima no mu mishaha. Mbona umushaha usa n'inyabwonko kandi mbona Imana irimwo ihingura vyishi ikwongera n'ubushobozi bwo gutahura no gukwiragiza ivyo yaguhaye, kuko lkwizigiye. Urakoze Mwami!

Amavuta azogukurikira, ni nkaho wovyitega uza washitseyo. Hazobaho ukwegerezwa abantu mu kwizera kubwivyo uzobaha. Uzokubahwa kubwayo mavuta y'ubuvyeyi ku buzima bwawe. Urakoze Yesu, Halleluya. Ahubwo ugiye no kwatsa umriro w'ikanguro ahuzoja, muvukanyi, umuriro w'ikanguro, kandi mbona ryashitse mu bibanza vyinshi, bigiye kuba nimiburiburi nk'ibibanza bine vy'umuriro w'ikanguro, kandi ndabona n'ikindi kibanza ca gatanu, egome, umuriro w'incuro ya gatanu. Urakoze Yesu.”

Ubuwugishwa bwanyuma nagomba gutanga nubwo kuwundi musiguzi, kandi ku musu w'ihuriro ryo gushira ahabona FGBMFI muri Rusama igenekerezo rya 21 1999, bwavuye kandi ku wundi muntu ntari bwigere mbona kandi sinigeze ndamusaba ko yomvugishwako.

“Umwami ariko aravuga:’ Mwana, ndiko ndubaka ikintu gikomeye muri wewe kandi warubuze’, muri ako kanya nyene, Umwami arambariye ko ariko yubaka ugushishoza muri wewe. N'ikintu gikomeye kuko

uzoshobora gushishoza inyifato, uko abantu bagenda hamwe n'intumbero zabo. Kandi Umwami aravuga uzoronka ijisho rirobanura, Atari ukurobanura abantu mu bandi, ariko uzorobanura umuco mu mwiza. Ivyo urabitahura, umuco mu mwiza? Kandi uzoshobora no gusoma mu mitwe y'abantu: mu vyo bavuze nabo ari boUmwami aravuze ko ugiye kubimenya, kandi uzokiza bamwe bafise ububabare bw'umutwe n'ibindi kuko uzi gusoma neza ivy'umuntu yavuze.bisa nkaho uzoba ubona ibiri mu mitima yabo kandi amaso yabo agahinduka ikirahure kibonerana c'amazi muri wewe kandi ukanamenya igihe harimwo umwijima murico Atari kubera bataravuka ubwa kabiri, ariko ni igihe hari ikitagenda neza. Kandi Umwami aravuga:' Mwana wanje, aho niho uzovuga ukuri kwose mu rukundo, n'umutima wo gushaka kubafasha.'

Sinzi, sinzi ico nokora, ariko umwamu aravuze ati wamye ufise igihe cose umutima wo kuba umwungere. Sinzi igituma utashoboye kwishura ivyo, ariko Umwami arambwiye ko wamanye uwo mutima wo kuba umwungere. Kandi Umwami arambwiye ko wama ugwanya iryo jwi. Ariko Umwami aravuze ati : Rero, nturampemukira, oya nturampemukira, ariko ndaguhaye inkomezi utigeze kugira mbere'. Ivyo Umwami ariko arambarira ubu ni : Wamye wiyumvira ko hoba hari ikintu kibuze, mu muryango wawe. Vyukuri hamye habura ikintu mu buzima bwawe, cane cane kubura urukundo rwabandi'. sinabaye So gusa, nabaye n'umugenzi wawe ahubwo n'ibindi biruta aho, nahindutse ngira umubiri nkuwo rwawe, n'amagufa nkayufise. Ndi uwawe, Umwami aravuze. Amen,Amen.

Mbega ntiwabonyeko utwo duce tubiri tw'inyandiko muri ubwo buvugishwa natwo tuvuga ivyerekeye imitima ikomeretse? Sinashoboye gutahura neza agace kanyuma muri ico gihe kuko bitari mu mutima wanje kuko sinarinzi ko nivyo bikomere ndabidise.

Ariko ubiravye neza usanga ubwo buvugishwa bwose bushimikira ku nteguro imwe y'Imana yarifise kuri jewe, kandi vyatumye ngira umwete mwishi wo kwiga kubohoka mu mutima kugira ngo Imana itangure kunkoresha neza. Kandi nagumye nshimikira kuri bwa bunyakamwe bwanje kuva aho umukenyezi wanjye yapfiriye, ko norongora umupfakazi wo mummyaka yanje imbere yuko nshishoza, kandi ubuvugishwa ntibwigeze buvuga umukenyezi twofashanya muri ico gikorwa. Mbega nari nkiri uwugarariza mu mutima? Oo, ese ingene nari nkeneye umucunguzi wanjye ico gihe nubu!

Nagiye k'umuhanuzi w'umukristu ndondera impanuro kubwo ingorane nari mfitaniye n'umugenzi wanjye, nizigiye ko azohava akamperekeza muri urwo rugendo kandi yarabikoze. Mugabo mu mibonano mike twagiraniye Mpwemu Yera atangura kumvugisha ambaza imfashanyo nkeneye, kugira ngo hanyuma Imana integure mu gutyororwa muri kamere yanje yari yaravugishijweko gose kandi vyategerezwa kuba imbere yuko ntangura gukorera Imana mu buryo bwiza bivanye n'integuro Imana ifise. Mu mwaka itatu ya mbere, nagumye ngenda mu mabohero muri leta ya Washington kuvugayo ubutumwa bwiza ico gihe niho niga ibijanye no gukira ibikomere bifatiye kw'ijambo ry'Imana hamwe n'inyigisho zo guhanura nongera ndiga ibijanye n'inyifato y'abantu. Hanyuma, muri 2003 Imana indongorera kabiri kose Afrika yo hepfo mu bwami bwa Swazilande, nkakora igikorwa c'ivugabutumwa mu bibanza bitandukanye vyahatari igisagara, mfasha abarongozi b'amashengero yo mu kibano mu kuyatangura nkongera nkagenda amabohero. Kuryama ahantu hatari igisagara n'abantu baho, vyatuma niga umuco wo muri Afrika nuko abantu baho biyumvira. Imana Data yaranyereka ivyo bakeneye guhindura mu mico yabo mibi ifasha Satani kubagumiza mu buja bwiwe. Hanyuma yaho nahavuye ntangura kwigisha ibijanye no gukira ibikomere vyo mu mutima.

Haheze imyaka iyi nyigisho ari nk'igikoresho nkoresha mu gushikiriza ubutumwa bwiza abantu, kuko zibafasha kwegera Imana, kugira n'Imana itangure gukora kub'intumbero zayo. Abanyafrika basanzwe babayeho kub'imigenderanire hagati yabo, kuburyo uwu mukenyuro ukora neza kuri bo kurusha kubigisha inkuru za Bibiliya canke inyigisho ndoramana nuko bosaba ko Yesu yobababarira kubw'ivyaha vyabo. Muri 2011, muri Swaziland ubwa mbere, ariko kandi no muri Malawi na Zambia. Aho niho ishirahamwe FPMF ryatanguriye.

Kuzana uruganda rwamaze imisi itatu mu mabohero, vyatanze umwimbu munini aho natanguye kwiyumvirako mu vyukuri ko bwa buvugishwa bwo mu myaka cumi nibiri iheze bwariko burashika, Imana ubwayo yariko irakora igikorwa, binacye muri jewe. Imana yaranampaye n'iyerekwa ko nisiga ntanze inyigisho za Bibiliya za mu buryo bwo kwumviriza muri buri buraro bwose bw'ibohero aho nyene twari twakoreye uruganda, vyafashaje imbohe ziri mw'ibohero kubandanya kwegera Imana tumaze kuhava.

Rero, muri 2012 namaze umwaka wose nandika nongera mfata amajwi y'inyigisho kubwo abanyafrika nongera ndazishira mu gakoresho gashasha kavuga gakoreshwa n'umuyagankuba w'izuba kugira dushobore kwiga ivyo vyigwa na Bibiliya, ubwa mbere mu congereza hama siSwati/Zulu, vyakurikiwe nizindi ndimi zitatu Zambiya, Malawi, hamwe n'igice ca ruguru ca Mozambique.

Gushika muri 2015 amakanguro manini manini mu mabohero yo muri Zambiya yarabaye menshi kuburyo imbohe muri ico gihe zari zaciriwe igihano co gupfa cagabanijwe kija ku gihano c'imyaka 25, kandi mu mbohe zishika 337 zaciriwe urubanza 48 muri bo barabohowe, bararekurwa.

Ni muri icyo gihe nyene Imana yaca ivuga mw'ijwi ryumvikana kandi ritomoye ko abantu bataba mu bisagara badashobora gusoma bari bameze nabo nyene nk'imbohe za Satani nabo bari bakeneye kubohoka cane. Twajanyayeho za nyigisho ubwa mbere zo kwumviriza muri Malawi ahatari ibisagara mu mpera za 2015, tuzitanga ku mirwi yabaja hamwe bakumviriza kuva kuri 10-30 babakristu co kimwe no mu bibano vy'abisilamu, kandi twabonye ikanguro rikomeye gose, vyatumye amashengero atangura ahajanywe izo nyigisho hose. Muri gitugutu 2016 twatanguje icyo gikorwa c'izo nyigisho, mu ntara ya Niassa muri Mozambique. Twibaza ko ubu ku wa 11 Ntwarante 2019, abarenga icakane c'umuliyoni babisilamu bariko barumviriza izo nyigisho zo gukira ibikomere vy'umutima muri Malawi na Mozambique, aho amajana mu bibano vy'abakristo haboneka ikanguro. Ibihumbi vyamisilamu nabakristo gutyo nyene barabatijwe kuva icyo gihe. Turanaronka n'amakuru ko I Lusaka, Malawi, Niassa hamwe mi gice co hepfo niburasizuba ya Tanzaniya mu ngoro zabisilamu hariko harashikirwa nizo nyigisho kugira ngo benshi bumviririze hamwe. Ibibano vyabakristo naho nyene bafashwa gutyo nyene.

Kuva tuzana izo nyigisho ABT kubarongozi babisilamu I Lusaka, ku murwa mukuru wa Zambia, umwaka umwe gusa uheze, hari abisilamu bangana na 17,000 bamaze kumviririza mu mirwi, aho ni Lusaka honyene. Imana yacu iriko irakora ibihambaye vyukurimu bana bayo hano muri Afrika. Azozana umwimbu uvuye mu mpande zose z'isi ngo bamuhimbaze, Azobazana abakuye mu mayira yose. N'Imana, itazofata ku nguvu n'umwe ngo ayikunde canke ngo ayubahe kuko ivyo ntivyotuma haba urukundo rw'ukuri rwohaza Imana. Ni ngombwa ko duhitamwo kumukunda tuzinezereye no kumusaba ubufasha nawe akaduha ivyo dukeneye.

Natewe iteka kubona Imana ihitamwo kunyereka uko yaronse umutima wanjye ngo iwukize kugira ngo Itangure kunkoresha, numva ari iteka kuba naratumiwe biciye mu buvugishwa imyaka mirongo ibiri irahaze imfashe ukuboko ikaba iriko irakora ivyo bitangaza vyose. Iyo nari gushobora kuyemerera nkumvira umutumiro wayo nkareka kuvuga ko bindengeye.

Nanditse mbere ko nzokugira uwufise umwete wo kubona impinduka z'umutima uwo Imana Data yampaye nivyo yakoze muri Afrika yose aho hose dukorera ibikorwa. Umwimbu n'impinduka vyukuri ni vyishi.

Ishirahamwe njanabutumwa uyu mwaka ryatangajwe muri Nzero umuvuduko w'ikanguro ririko riraba aho nyene twatanguye gutanga za nyigisho ABT, mu myaka itatu n'igice gusa yo mu misi yambere, icegeranyo cabo kivuga kuvyerekeye abagabo b'abisilamu babushitse bigisha kuvyerekeye gutanga imbabazi. Cerekana ko amakuru yose turonka ari ayabisilamu bakira ugukira kubw'imitima yabo yakomeretse biciye mu guharira abababaje, abagabo bashaka kubwira abandi kubera ko biraryoshe ubonye ibiba igihe baretse umururazi uri mu mutima ngo ugende. Imana iriko irakora ibikomeye no mu bandi bajanyirye b'ubutumwa bwiza kuko ABTs Atari we mu misiyonari yaramaze kujayo wenyene, ariko iriko arafasha mu kuzana aba misiyonari bafise kahise kabisilamu kuko aribo bashobora gufasha abantu babo neza.

Icigwa ca 11 kigufasha kuguha amajambo wobwira Imana , naho ayo majambo ategerezwa kuzanana ibwina mu mutima wawe. Ndagusavye utahure ko Imana ishobora gukora ivyuyisavye kuko biri mu murongo wivyo ishaka kuri wewe kuza hafi yayo.

ABO TURI BO

Kugira dutagure neza “Gukira ibikomere vyo mu mutima”, ni vyiza kubanza kwibaza abo turi bo. Duhereye mw’Itanguriro 1:26-28 dusoma:”hanyuma Imana iravuga;Tureme umuntu ase natwe, amere nkatwe. Kugira aganze ibiba mu kiyaga vyose, ibiguruka mu kirere,nibiba kw’isi n’ibikwega inda hasi. Hanyuma Imana irema umuntu asa na Yo, mu gushaka kwayo irema umugabo n’umugore, hama Imana irabahezagira,iravuga ati ni murondoke mugwiremwuzure isi kandi muyiganze, muganze n’amafi yo mu kiyaga,ibiguruka mu kirere nibiri n’ubuzima biba kw’isi” rero vyukuri, twebwe abantu turi nkuko Imana Iri, ko Imana ari impwemu natwe turi zo, icaremwe kiba mu mubiri ico Imana yahumekeyemwo impwemu Zayo (1 Abikorinto 15:44). Rero vyukuri, turi urugori ry’ukurema kw’Imana.

None ni kuki Imana yaturemye? Ijambo ryayo rivuga ko twaremwe kubw’umunezero wayouko biyihimbaye. Imbere tyuko Adamu agarariza Data wiwe, yari umunezero wuzuye ku Mana. Itanguriro 2 herekana neza uko Imana yanezerwa no kugendera Adamu. Inyuma yo kumurema, Imana yamuteguye ikibanza ciza, Atari gusa igice c’ishamba ariko itongo, imushira muri iryo tongo ngo arikorere kandi aritunganye.umwami Dawidi yaratahuye igihe yandika Zaburi 8:3-9:”Iyo nitegereje ijuru ryawe, igikorwa c’intoze zawe, n’ukwezi n’inyenyeri, ivyo waremye. Umuntu n’iki aho umwibuka canke umwana w’umuntu aho umugendera. Hari hasigaye gato ukamunganya n’Imana, umwambika ubwiza n’icubahiro nk’igitsibo. Wamuhaye kuganza ibikorwa vy’amaboko yawe,ubishira musu y’ibirenge vyawe. Intama zose n’inka n’ibikoko vyo mw’ishamba na vyo, n’ibiguruka mu kirere, n’ifi zo mu kiyaga,n’ikintu cose gica mu nzira zo mu biyaga. Uhoraho Mwami wacu, erega izina ryawe ni ryiza mw’isi yose!” ibi vyererkana ingene

Imana ituryohererewe, idukunda, abana bayo yatwambitse igitsibo c'icubahiro n'ubwiza. Egome, na Paulo yaratahuye uko Imana ituryohererewe, naho turi muri iyi abanyavyaha, igihe yandikamu Abaroma 8:31-32 :”ko bimeze gurtyo, tuvuge iki? KO Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya n'inde? Iyitimanye umwana way, ikamutanga ku bwacu tweseizobura ite kutugabirira vyose kuri We.”

Imana yahora igendera buri gihe Adamu, Imusigurira uko akwiriye kubaho, Imwerekana ivyo yategerezwa kurya and Inamugabisha kudafungura ku giti c'icamwa comwica. Hanyuma, umwitwarariko w'Imana tubona hano nuko Adamu atagira umugenzi yambaye umubiri nkawe, mbega uko nukumwitwararika? Egome, Hanyuma Imana imuha ibikoko vyose ngo avyite amazina, bisigura ngo: Arabe ko haricot yoshimamwo ngo kube umugenzi wiwe. Ariko amazina yose yabihaye ntiyigeze abonamwo ico bakwiranye. Hanyuma Imana isinziriza Adamu, imukuramwo urubavu, Imuronkera uwo bakwiranye, Adamu aravyuka araryoherwa gose kubwiyo ngabire Imana imuhaye kuko umugore wiwe yavuye mu rubavu rwiwe. Nokwibwira inyishu ya Adamu yahaye Imana:”WOOOW, aka ni akagufa ko mu magufa yanje, akara ko mu mara yanje : nzomuhamagara umugore kuko aje avuye muri jewe.” Vyukuri dufise Imana itwitwararika, tumeze nk'imbone y'ijisho ryayo.

Namye ndibaza nti ni kubera iki Imana yashize kirya giti mw'itongo rya Edeni kuko Adamu ntiyari kukiryako iyaba kitari kiri harya. Aho niho natahuye uko Imana ari inyabwenge and yipfuzaga ko tuyikunda tudashidikanya kandi kko tuyizigira. Mbega Adamu yoba yarayikunda vyukuri canke yoba yarafashe urukundo rw'Imana nkibisanzwe? “Niwankunda, uzokwitondera ivyagezwe vyanje”, Yesu yavuze ngo “ ivyo nabageze mu kubaho kwanyu ni kubwanyu rero ni

mwabigumamwo bizonyereka ko munyizigira mu kubarongorera mu nzira nziza. Iyo ngingo yari nziza no kuri Adamu.

Imana ni Imana yiyoroheje ntizokwigera itwihutisha ku nguvu ngo tuyubahe, nico gituma yashizeho kirya giti c'ukugeragezwa mw'itongo, ngo yuzurize ivyizigiro ifise kuri Adamu ko azomwubaha mu bihe vyose, ariko Adamu yarananiwe natwe tuba turananiwe. Imana Data igomga ko tuyubaha kuko Izokwama iturongorera mu vyiza, ariko kuyigarariza vyerekana ko tutanayizigiye. Kandi Imana ibandanya kwizera ko umusi umwe tuziyizigira ikaturongora muri mpwemu wayo, kuvyoza vyose. Nico gituma Imana yapimye Aburahamu mu kumusaba ko yotanga umuhungu wiwe wenyene Isaka kw'ikimazi, kugira Irabe ko Aburahamu yoshobora kuyizigira vyukuri? Mbega muri kazoza, bizoshika aho dutanga ubuzima bwacu kubwiwe hama twitege kwaturonsa kuvyiwe? bizoba nkuko nyene, igihe tuzohishuranwa na Yesu.

Imana Data yarakoresheje ba sokuru bo mw'isi kugira ngo natwe tubeho, ariko We niwe muvyeyi w'ukuri. Abavyeyi bacu bo mw'isi ntibigeze batumenya ariko Imana yari ituzi igihe yatangura kutubu, mbira mu nda z aba mama bacu hama tukavyarwa tugashikira mu bibanza bitandukanye vy'ubuzima (Yeremiya 1:5). Ndibaza ikintu gikomeye cane igihe Imana yariko iraturemera mu nda ni uguhumekeramwo impwemu mm'igi ryashizwe mu nda y'umuvyeyi. Dufise uturemangingo tw'impwemu y'Imana (DNA), rero twaremwe dukunde kandi dukundwe, nkuko Imana nayo ikunda ishaka ko natwe dukundwa. Yaturemye kubwo umunezero wayo, nkuko abubakanye bipfuzwa kuronka abana mu munezero no kwinezereza, kwizigizwa umwana nivy'igiciro.

KAMERE YACU Y'ICAHA

Mbega kamere yanje y'icaha yoba isigurwa n'ibigumbagumba ko ndi icaremwe gikomeye? Mbega akamere noba nagakuye k'umwansi ahambaye w'Imana abandanya no kutugereageza? Imana yaramuvuzeko muri Yesaya 14;12-14:" Ewe kuntu ukorotse uvuye kw'ijuru, wa nyenyeri yo mu rubungubungu we, wa mwana w'umutwenzi! Ewe ingene uciye ugashika hasi, wewe watsinda amahanga! Wari waribariye mu mutima nti nzoduga nje mw'ijuru nkuze ingoma yanje isumbe inyenyeri z'Imana, uti nzovyagira ku musizi w'ikoraniro mu ruhande rw'impera yo mu buraruko, uti nzoduga ndenge ah'ibicu bigarukira, Nzoba nk'Isumba vyose."

Mbega twogerageza kwishira hejuru y'ibindi biremwa, naho bitumvikana, kuko Uwaturemye abwirizwa kwubahwa nk'Uhambaye? Twaremanywe uturemangingo twa Data wacu mu gukunda no gukundwa, ariko icaha catwononeye vyose kandi cane:

- Imana yacu ntirondera icubahiro cayo gusa, naho igikwiriye. Twama turi mu vyacu igihe cose, tugerageza kunezereza abandi bantu kugira ngo badushime
- "Ndi" ntakeneye kwerekana uwo ari we. Twama tugerageza kwiyerekana ivyo dushoboye gukora. Ahubwo, ico dukora cose tutabajije Imana Data kugikora icishije muri twebwe, tubwira Imana nti twe turashobora kuvyikorera, ko tutanakeneye imfashanyo yiwe.
- Imana irazi ko yaremye abantu beza n'ibintu vyiza, Izobikunda kandi ibikorere, Iraturongora nk'uwudukorera, ni Yo ari umwungere mwiza gusa. Mu kamere kacu k'ivyaha ntituri abarongozu bakorera abandi

vyukuri, tunyaruka kurokora amagara yacu iyo rukamvye, tukananirwa mbere n'abandi ntitubiyumvirako.

- Imana ntikeneye kwicara ku ntebe yayo y'ubwami, naho icyayeko kubera ko ni we soko ry'ikintu cose. Turakunda kuba tujejwe abandi, kuba uwubategeka n'uwubabwiriza.

Nk'abigishwa ba Yesu, ni kuki duharira tubazanya uwuri mukuru mu twebwe mu bwami bw'Imana? Kandi ni kuki tugomba gukora ibintu nkuko twigombera: "Nzobikora nkuko ndavyumva!". Dukeneye gukura mu bijanye nuko tubona Data wacu mu kwiga gukora ibintu nkuko We avyipfuzwa. Impwemu yacu ikwiye gukira ukwikunda n'ukwigungirako kugira ngo twige kurondera Imana n'imitima yacu yose, guca bugufi imbere y'umuremyi wacu kubwa uguhimbazwa n'icubahiro ciwe hakuba icubahiro cacu, tugatera dushushanywa nawe gose, nkuko ari Imana yacu natwe tukaba abana bayo. Imishaha yacu ikwiye kwiga kwumvira impwemu zacu no guhinduka mu kwiyumvira nkuko Imana yiyumvira. 2 Ab'I korinto 3:18 haravugaga ngo tweho twese koo tutitwikiriye mu maso, tukerekana nk'iciroro ubwiza bw'umwami, turahinduka, tugashushanywa niyo shusho, tukava mu bwiza tukajya mu bundi, nk'abahindurwa n'umwami, ari we mpwemu."

Egome, turakeneye guhindurwa tugasa nawe gose, nkuko Adam yasa nawe imbere yuko acumura. Imana iratubwira mu Baroma 8:14 ko "... Abarongorwa na Mpwemu Yera nib o bana b'Imana" reka tugumye ukuboko kwiwe turongorwe nawe, Arabikunda! Kandi uko niko urukundo, umunezero, gufashanya n'amahoro bizokwuzura ubuzima bwacu nawe agahabwa icubahiro.

Urukundo ntirushobora kubaho rutagira ikirugenzura, urukundo rusaba guca bugufi, urukundo rutuma twiyumvira kuri twebwe gusa, ruturonsa ugushaka kwubahiriza abandi, no kureka abandi bakaronka umwidegemvyo wo guhitamwo ivyabo. Mbega turabona ko Imana Data mu bushobozi bwayo bwose itigera ishaka gushiramwo inguvu kuri twebwe mu gukora ica ari co cose, ko vyukuri ari Imana icye bugufi gose? Imana yabigize ivyumvikana igihe Yesu yafukama imbere y'abigishwa biwe akaboza amaguru, igihe vyari bikenewe ariko ntawundi yari kubikora. Yeau yarerekanye n'ibiruta ivyo, igihe yatanga ubugingo bwiwe ku bwacu ku musaraba. Urukundo ntirushoboka rutagira uguca bugufi hamwe no gutanga. Mbega umukwe akunda birengeje umugeni, ntazomuha impeta nziza kandi izimvye ashobora kuronka, vyerekana igipimo c'urukundo amufitiye. Gukorera abandi, mu buryo bwo gutanga ibifadika ku muntu Atari ugupima urukundo tubafiseko. Imana Data , Umuremyi w'isi n'ijuru, irazi ko kugira twakire urukundo, itegerezwa kuduha ubwa mbere urwo rukundo. Ariko kubera akamere kacu k'icaha tubandanya twikunda ubwacu, twishira hejuru, kandi kubwivyo ntitwigera turonka ivyo dukeneye vyose canke gukundwa. Ewe kuntu abantu bekehaniwe gose, mbega ni nde yohemukirwa vyoroshe kubwiba kw'isi.

Imana Data ntimeze gurtyo, Ishaka ko urukundo rw'imigenderanire rukura hagati yacu na Yo, nico yanaturemeye, kandi ivyo bikunda mu gihe abantu babiri begeranye bagiye hamwe, bidusaba uguca bugufi twese, naho Yoyo ifise ubushobozi bwose. Ariko kuko idukunda, Iratureka tukegera aho iri mu bushobozi bwayo,dukeneye kumusaba gusa. Ariko twitwomusaba tutari hafi yiwe, dukwiye kuba dufise ivyiyumviro bimwe bitumbereye nkuko nayo iri, ububasha bwiwe

bukwiye gukoreshwa kubw'intumbero yiwe zishinze imizi mu rukundo rwiwe ku bwacu. Paulo yanditse nkuwuvugishijwe kuverekaye urukundo mu 1 Ab'I korinto 13:4-8 :” urukundo rurihangana, rugira neza, urukundo ntirugira ishari, ntirwihayagiza, ntirwihimbaza, ntirukora ibiteye isoni, ntiruronbdera ivyarwo, ntirwiciraho, ntiwiyumvira ikibi ku bantu, ntirunezererwa ukugabitanya kw'abandi, ariko runezeranwa n'ukuri: rurenzako muri vyose,rwizera vyose, rwizigira vyose, rwhanganira vyose.” Hmmm. Yohana nawe yaranditse muri 1 Yohana 4:18 :” Nta bgoba buba mu rukundo, ariko urukundo ruhinguwe rusenda ubgoba, kuko ubgoba bugendana n'igihano, kand uwufise ubgoba ntarahingurirwa mu rukundo.”

Dukeneye urukundo tubaho, kandi ninavyo Data wa twese yipfuzwa kuri twebwe. Yesu yarashoboye gutanga urwo rukundo kwa Se n'igihe yarari mw'itongo ry'I Getsemani aboroga , kandi yari yahisemwo gukora ubugombe bga Se. yabayeho ivyo yigishije abigishwa biwe: “ Nimwankunda, mwitondere amabwirizwa yanje”. Adamu yarananiwe kubwico, kugarariza Se kandi natwe nuko turacabikora, ariko Yesu yabishoboye ukwo kugezwa :” Mana yanje, iki gikombe ni kindengane, ataruko nokinywerako, ariko ivyugomba bibe.” (Matayo 26:42). Nico gituma Yesu yitwa Adamu wa kabiri kuko yerekanye ko ashobora kwubaha no kwumvira Imana, naho coba ikiguzi kinini, rero yesu yabaye uwutunganye gose, ata gasembwa kabonetse kuri we” Umwagazi w'Imana waje gukuraho icaha cabari mw'isi bose”. Urwo ni rwo rukundo, mbega Se yoba yamwishuye mu buryo ubuhe? Mu kumunagura ikamugarukana mu buzima no mu

cubahiro gihinguwe gose mu bwiza bwa Se ubwo yari yarabuze kuva itanguriro ry'isi ribayeho (Yohana 17:5).

Ubu naho reka tuvuge kubijanye n'ingaruka za kamere yacu y'icaha. Uguhemukirwa no gutabwa nivyo biba kenshi iyo umuntu yishize hejuru yawe, akwiyemeyeko. Uguhebwa kw'inshi kuboneka nk'ikintu gitoya kuri bamwe ariko kubandi kirababaza. Ariko ndasavye wibuke igihe dushikiwe no guhebwa, umubiri n'amaraso ntibiriko biraturwanya, ariko turiko tueana n'ubushobozi bw'impwemu mw'isi y'impwemu. Uguhebwa, co kimwe n'urukundo, ni ibijanye na kamere k'impwemu. Igihe dushikiwe no guhebwa, vyama biri mu maboko ya Satani igihe cose akoresha uwundi muntu mu kutubabaza, akaba yiteze ko natwe noneho tuca duhibdukirira uwo muntu n'ishavu ryinshi hama dutangure natwe kubabaza abandi muri iyo nzira nyene. Urabona, nta vyononekara vyohaba k'umutima wuwo muntu yababajwe iyo bari kurekuriranira no guharirana hakiri kare. Tugifise aka kamere kacu k'icaha, Satani yotuma twanka no guhanirana, inyuma yaho umururazi mu mutima urarwira ugakura tugategura kwihora uwatugiriye nabi. Ibikomere vyo mu mpwemu, bimeze nk'ibisebe vyo ku mubiri ufadika, igihe cose rero bitavuwe, bidakingiwe, bitugaye, bitavuwe n'umuti hakajako igitambara kugira hagume hasa neza, kizotera congerekana uko umwanya uhera hama kizane n'urupfu. Ni naco gituma ingo nyinshi zisambuka inyuma y'imyaka myinshi. Dugerezwa kwiga kwiyambura ivyo impwemu mbi zitwandukiza kandi tukimenyereza kugira Ubuntu no gutanga imbabazi kubatugiriye nabi tudatevye, imbere yuko twibagira ivyabaye. Dawidi yanditse muri Zaburi 4:4 " Mwiubare, ntimukore icaha, Mucuragize mu mutima yanyu muri ku mariri, mucereje."

Hama Paulo nawe yaranditse muri Abanyefeso 4:26 :” ni mwaraka ntibibakoreshe icaha, izuba ntirirenge mukiratse”. Paulo yabonye iyi ngorane neza cane igihe yandika Abanyefeso 6:12 :”... kukw’abo tunigana Atari abinyama n’amaraso, ariko tunigana n’abakuru n’abafise ububasha n’abaganza iyi si y’umwiza n’impwemu mbi zahantu ho mw’ijuru”. Urukundo ni kamere yo mu mpwemu, co kimwe no guhebga canke gutabga. Iyo impwemu yacu ihindutse canke igumanye umuruzi,inzigo kuwatugiriye nabi, haca havyuka amatati. Mu bwonko bwacu twari twifuza ko twokwibagira ivyabaye, no kwibaza ko ububabare dufise buza guhera mu kanya, ariko impwemu yacu yo iragumana ubwo bubabare, burya umwanya siwo ukiza igikomere co mu buryo bw’impwemu, uwo mururazi tuwugumanye utuma haba ikivyimba muri twebwe, reka Imana yo mw’ijuru ibe umuganga wo kukuvura ico kivyimba. Muri iki gihe tudangura kwanka umuntu Imana yo mw’ijuru Yoyo ikunda, kandi uwo Yesu yapfiriye ku musaraba. Muri iki gihe twebwe nyene n’ubwishime bwinshi twishira mu matati n’Imana. Ni gute nk’umwana w’Imana nokwanka umuntu Imana ikunda? Uwo Yesu yapfiriye ku musaraba kubwico caha cuwatubabaje. Ibi nivyo Imana itugabishamwo kandi vyumvikana gose muri ! Petero 1:15-16 :”nkuko lyabahagaye ari Iyera namwe mukwiye kuba abera mu vyo mukora vyose. Kuko handitswe ngo Mube abera nkuko nanje ndi Uwera.”

Umwami ntashobora kuraba impwemu yacu irimwo umururazi w’urwanko ngo abishigikire kandi bituma hatakara ugukingirwa kwa Data ku kwandukizwa kwa satani yomutera. Ico gice kirimwo urwanko mu mpwemu zacu gikwiye gukurwaho hama tukaba abajanjaguritse, ico gice kiri muri twebwe gihinduka icabadayimoni

muri ako kanya, nkuko nubu ziriko zirabesha, iki nico imvugo yak era yavuga “camwo kubiri uburanga” vyerekana uyu musu abantu bavuga ku bijanye na Jekyll no guhisha. Uko umwanya uhera niko urwanko mu mpwemu yacu rugwira, ivyo bizodutuma dukorera abandi ivyo nabo badukoreye.

Bimera neza na neza kurya Yesu atugabisha muri Matayo 7:1-2 :” Ntimugahinyure mu mmitima yanyu, namwe mukazohinyurwa. Kuko uko muhinyura abandi niko namwe muzohinyurwa, kandi mugeramwo, muzoyigererwa namwe”. Mu BAroma 2:1 , tubisoma bitworoheye tukabitahura :” Nico gituma utagira ico wireguza, wewe muntu wese uhinyura awundi. K’uhinyura uwundi, uba witsindishije, kuko wewe umuhinyura ukora nkivyo nawe akora.”

Niwibaze ibishika kuri twebwe igihe tubandanya guhinyura no gucira imanza n’urwanko rwinshi umwanya wose dutawe canke duhemukiwe, tubabaye cane canke buhoro, mu mitima yacu naho Imana itaha, Umwana wayo na Mpwemu Yera, ariko ubu twagabuye ico kibanza c’impwemu yacu duha kaze n’ukwandukizwa n’abadayimoni kandi bidutera kwononekara, egome, tuguma muri uwo muzingi kandi bidutera kutumva Imana no kurongorwa na Mpwemu Yera (Abaroma 8:14). Nico gituma inyuma yo kurekurwa kw’imbohe mu mabohero, bashitse hanze, babandanya gukora nkivyo nabo bakorewe kuko batigeze baharira. Uwo muvumo uhera igihe ico gice kigize impwemu cononekaye giharira umuntu yigeze kumubabaza muri kahise agatangura no gukunda uwo muntu.

Uwo niwo mwimbu w'intambura yo mu buryo bw'impwemu hagati y'Imana na Satani. Satani ashaka ko twibagira ivyabaye kandi ntitumenye ko hari ivyononekaye mu mpwemu yacu, kugira ngo abikoreshe mu gihe gikwiye. Umwigishwa wa Paulo Kelemento yaragabishije ku bijanye n'ibikomere vyinyegeje vy'umutima mu Baheburayo 12:14-15 :” Mukurikirane kugiriranira amahoro n'abantu bose, n'ukwezwa, kuk'utejejwe atazoraba Umwami. Mwizigame, ntihagire umuntu adashikira Ubuntu bw'Imana, kandi ntihagire umuzi wo kurura umera, ukabahagarika imitima, abenshi bakandura.”

Igihe twibagiye, tuba dutakaje akaryo ko gusaba Data imbabazi kuba twaragumanye uwo mururazi w'uwaducumuyeko. Imitima yacu ikama itubwira ko turi amahoro, kandi atarivyo, kuko biba vyihishije mu mpwemu yacu bikadutuma dukorera abandi ivyo natwe twakorewe igihe kirekire gishize. Yeremiya yaranditse mu gice ca 17:9-10 :” Umutima uribeshya kuruta ibindi bintu vyose, urwaye indwara itavurwa: ni nde yowumenya? Ni jewe uhoraho nsesa umutima, nkagerageza umushaha, kugira ngo ngerere umuntu wese ibikwiranye nivy'ibikorwa vyawe vyeze.”

Mu yandi majambo, ico canditswe kivuga ngo : nitwaba tudahariye abantu batugiriye nabi, tuzokwigirisha ko twavyibagiye, kandi biba ikigoye gose gusubiramwo ivyononekaye mu mitima yacu. Satani nawe aca akoresha vya bice vyononekara vyo mu mpwemu yacu mu kudusambura.

Mfise ibihe vyinshi vyanshikiye bisa nivyoy, kandi nkuko ndiko ndandika , ntegerezwa kuvyiyumvirako n'umubabaro mwinshi incuru ntabishaka kandi ndabizi nababaje abandi mu buzima bwanje. Mbega ibakwe nagiriwe ko Imana yacu mu mbabazi zayo n'ubuntu bwayo yandokoye kandi ikankurako kwiyaqiriza biciye mu maraso y'umwagazi utagira agasembwa, Yesu, yarakijije umutima wanje wari warakomeretse, ubu nandika mfise ugushira amanga rwose kugira ngufashe nawe.

URUGENDO RW'UBUZIMA BWACU RUKIRSTO NGAHA KW'ISI

Ivyo bitangura igihe Umuremyi yashira impwemu yiwe mu mubiri, imbere yuko atangura kuturema. Yeremiya 1:5 avuga: “ntarakubumbira munda nari ndakuzi, kand’utarava muri yo nari narakurobanuye; nagushizeho kuba uvugishwa nanje mu mahanga.”Imana yari ituzi kuva muntango yipfuzako ko twovamwo abantu buzuye bazoshobora kuyikundisha umutima wabo wose kugira ngo tunezererwe ubusabane bwacu hanyuma tubeho tunezerewe ibihe vyose. Umenga n’indoto, siko? ariko iyo ndoto yarakomeje mubantu bakera, n’abubu kubera icipfuzo c’ibwina co kugira uwo begukira,ubu turindiriye ko umwami wacu atwakuza urukundo rwiwe. Nivyo yari yarashatse nuko Imana yarahamagaye Adamu mu Rukundo rwayo, ivyo nivyo yari yaragambiriye imbere yuko itangura kurema. Nubu turacavyipfuzako kuko yaturemye mw’ishusho yayo neza. Ndibuka neza ingene, nkiri agahungu gatoyi, amosozi yatamba mu mu maso igihe cose inkuru bambwiye iraye bavugako baciye babaho mu munezero ibihe bidashira. Ego, Ico nico cari icipfuzo canje nanje. Hanyuma urabizi? Umwana w’Imana nawe yaraturindiriye kandi atwipfuzako ariko niwe Wenyenzi azi igihe c’urubanza rw’ubukwe .

Ivyah 22:13-17 havugako ngo “Ndi Alufa na Omega, uwa mbere n’uwa nyuma, itanguriro n’iherezo. Hahigwa abamesura imvune zabo, kugira ngo babone kwegera cagiti c’ubugingo, kandi bace mu... Jewe yesu..., ni jewe munago wo kugishitsi ca Dawidi, nd’umwuzukuru wiwe, kandi n’ikinyenyeri gica ibibatsi co mugaturuturu.” Kandi mpwemu be na wa mugeni barahamagara, bati ngwino. Egome, Mpwemu w’Imana hamwen’umukwe barindiranye igishika, kuko umukwe , Yesu arakunda umugeni wiwe , ishengerokandi akaryihereza kugirango arityorore aryogesheje amazi n’ijambo .(EF 5:25-26) Izi si indoto, biriko birashikakandi abizera bose nivyo bipfiza ibwina mu mitima yabo. Ni umukwe *wanje!* Mbega n’uwawe nawe?

Mbega turatahura impamvu n'ingene twatakaje ubushobozi bwo gukunda Data wo mw'ijuru, umukwe wacu, hamwe n'abantu bagenzi bacu?

Igihe nariko ndahindukira mva kugituro c'ibikogwa nja kukindi muri Africa, canke ndiko ndagenda amabohero, ibihe vyiza vyanezereye mu ngendo zanje kwari kubona ingene ingene utwana dutoduto twiruka tuza kw'ibarabara., Mbere y'uko ndabashikira, nasanga namaze kwugurura ibiyo vy'umuduga kugira nishure indamukanyo zabo ziherekejwe n'umunezero ugagara mu maso habo., bari buzuye urukundo, kandi bashaka kurushitsa ku bahita.. Nanje ndabasubije kandi nuzuye ibitwenge waca umenga ndatakaye. Rimwe rimwe narahagarara, nkabashikira, nkabaramutsa, nkakora kumutwe utwana dutoyi, hanyuma uwundi nawe agashaka ko umukorako.. urukundo rwatangwa n'abo bana vyoroshe nabo bakagwakira vyoroshe. Kumbure baramutsa abahita ngo barabe ko babaha urukundo ruruta urwo ba mama wabo babaha, canke baruhijwe n'ubuzima babayemwo.

N'abigishwa vyarabagoye kwitwararika utwana dutoyi barabigizayo igihe bari babamuzaniye. Ivyo turabisoma muri Matayo 19:13-15."Bamuzanira abana bato ngo abarambikwe kw'ibiganza, abasabire. Ariko abigishwa barabakankamira. Yesu arababwira ati ni mureke abana bato, ntimubabuze kuza aho ndi kuko ubwami bwo mw'ijuru arub'abameze batyo. Abarambikako ibiganza avayo."

Murabona ingene abakuze barambigwa n'urukundo rw'abana bato, ariko Yesu s'uko. Abantu bafise imitima yakomeretse ntibashaka kwakira canke gutanga urukundo rwishi.

Sinari bwatahure kubera iki umurongo wa 2 washizwe muri zabuli 8 nkuko womenga wakuwe mukibanza, iyo niyo yari ingorane yanje. Reka dusome igice ca mbere ca zabuli 8

Uhoraho, mwami wacu,erega izina ryawe ni ryiza mw'isi yose!Washize icubahiro cawe hejuru y'amajuru. Akanwa k'abana bato n'abonka wagahaye gushimangira inkomezi zawe,gutsindisha abansi bawe,kugirango uzibize umwansi n'umuhozi. Iyo nitegereje ijuru ryawe, igikogwa c'intoze zawe n'ukwezi n'inyenyeri ivyo waremye,umuntu n'iki ah'umwibuka cank'umwana w'umutnu aho umugendera?Hari hasigaye gato ukamunganya n'Imana. Umwambika ubwizan'icubahiro nk'igitsibo"

Dawidi aratangazwa n'ukuntu Imana yitaho umuntu mu kutwiyumvirako, mu kutugendera, mukudushira musu yayo gato naho itubona nk'abansi bayo nkuko biri mu murongo wa2. Dawidi yatahuye ko Elohim wacu acakira urukundo rwinshi,n' inkomezi, zivuye mu bana bato mu gihe abakuze bo ababona barikumwe na satani batamwitayeho. Izina rya Elohim biragaragara ko ari ryiza mw'isi yose,ariko turikunda cane kurusha uko tumukunda canke uwundi uwariwe wese kandi kubera ico, tukibagira Imana burundu.

Ariko Elohim we ntareka kutwitwararika no kutugendera, Uravyibuka? Muvya Adam na Eva yabwiye inzokako uruvyaro rwa Eva ruzosavya umutwe wa satani naho azorukomeretsa kugitsintsiri. kugira atuneshereze satani, Data ntiyigeze aheba umugambi yaradufiseko, warakoze Data!

Twoshobora kuragwa ibimenyetso vyiza kuri basokuruza ariko kandi n'ibindi bibi, gutyo,abakomoka kuri Adam na Eve barazwe kamere y'ikinyavyaha ikomoka kuri Adam. Kubera iyo kamere tugondamiye kugaririza, twiyumvira yuko atanumwe twokwizigira ko atanumwe yoyotwitwararika kukurusha uko tuvuyikorera., nka kurya kwa Adam, gutyo tukagambararira umukunzi wacu w'umwizigigwa Data wo mw'ijuru. Kenshi turanamwibagira tukiyumvira gusa ivyo dukeneye n'ivyo twipfuzwa, ikiruta ibindi, kwipfuzwa gukundwa., dufise

umwitwarariko wacu ubwacu n'ivyo dukenye bagenzi bacu basa n'abatubujije gushikira gutyo tukaja mw'ihiganwa bamwe n'abandi, rimwe na rimwe tugakomeretsanya.

Twaratakaje imbono ko kugira twakire urukundo dukwiye kubanza kurutanga natwe. Kandi ko uwufise urukundo kurusha abandi, niwe abarusha gutanga no gukorera abandi. Kugira duhishe uko twiyumva, duca twigira abakoresha n'abagenzura abandi. Gutyo gutereranwa no gutererana abandi, bikaba ibigwiriye mu buzima bwacu, bikarusha wanashaka urukundo. Gutereranwa bidushikira twese, muburyo butandukanye: Guhebwa, kwibwa, kubeshywa, gushurashuzwa canke kurenganywa n'ibindi, hanyuma kameremere yacu igatuma twese tutababarira umwe yatugiriye nabi, tukagerageza kwibagira ivyabaye, gutyo tukarushiriza kuzura umururazi n'ugukomeretsa mu mutima. Hanyuma tugatangura kwikingira ibindi vyodukomeretsa kandi mukwigungagunga, ukinyejeza abandi canke ukabarabira kure. Gutyo n'Imana tukayija kure. Dukeneye urukundo kugira ngo tubeho tunezerewe kandi tumeze neza ariko twatumye urukundo rurushiriza kuba urugoye kuboneka... Iyo tudashoboye rero gukunda abandi, ntidushobora no kurushirizaho gukunda Imana. Muri runo rugendo rw'ubuzima ivyo bihe bitorushiriza kuba bibi gushika igihe, umusi ushika, igitangaza kiba ugasaba Imana imbabazi kubantu bose waciriye imanza noneho ugatangura kubabarira no gukunda abantu baduteye ibitugu mu buryo butandukanye. Twarashavuye, ego, turagira n'umururazi ku bandi bose muburyo bubabaje batadufashe runtu, baturenganiye canke badukomerekeje ukundi, hari naho twibaza ko twabahanye mukutigera tubababarira ariko nitwebwe ubwacu twibabaje.

Ariko twiyumvire kuri kamere y'Imana, ni Rukundo, yipfuza imigenderanire myiza n'abana bayo bose, kandi iriko ikora ibishoboka vyose ngo itwikwegereko, Yaranadukunze bihebuje iduha umwana

wayo kugira yikorere igihano c'ivyaha vyacu, ingeso zacu mbi, kugira ngo nitwaba twipfuzza kumugarukako, bikunde. Ariko nitwahitamwo kubandanya n' umwansi wacu,tuba tunyuranije n'Imana. Yesu harico yabivuzeko muri Mat 18:32-34 aho avuga inkuru y'umushumba atagira imbabazi yari yababariwe umwenda atari gushobora kwishura ariko akishuza uwumuheraniye nubwo nawe atarabishoboye." Uwo Sebuja aca amubwira ati: Musuku mubi! naguhebeye umwenda wawe kuko wantakambiye, mbega ntiwari kugirira impuhwe mugenzawe, *nkakurya nazikugiriye?*

Nuko shebuja arashavura amuterera abamubabaza gushika aho ariha umwenda wose yaramufitiye." Mwibuke Imana ntizokundira umwansi ko atuyovya igihe turiko turajana nayo.? Ariko iyo tugiye kubiri nayo,Data wacu wo mwijuru, acaja hanze 'impwemu yacu noneho igasigara yiganziwe na satani n'imigabo yayo. Gutyo iyo mpwemu yacu igatangura kubaho ubuzima buganjwe na satani, hama uko tuguma duca imanza twiyongeranya, birangira tudagishobora kuganza umururazi muri twebwe bigahinduka umubabaro mu mutima. Uko niko vyari bimeze mu buzima bwanje. Uburanga bwacu buhengamiye guhindarika. Mu vyivya vy'inyifato,imeru imwe imwe irafise uko yitwa bivanye n'uguhindagurika kw'ubukare bw'ibibazo, jewe novuga ko nisanga mumugwi w'aba **bipolar**. Uravye urusukirane rw'abadayimoni bari mumutima w'umuntu, aho Christo na mpwemu w'Imana nabonyene baba, ntibiheza ngo bikunde ko ubumva hanyuma ngo urongogwe na mpwemu w'Imana... Abaroma 8:13-16 havuga ngo: "kuko nimba mwitondera ivya kameremere kanyu, ntimuzobura gupfa: ariko nimwica ivy'umubiri ukora, muvyicisha impwemu muzobaho. Abarongogwa na mpwemu w'Imana bose nibo bana b'Imana kuko mutahawe impwemu y'ubuja ngo mwongere gutinya,ariko mwahawe mpwemu yo kubahindura abana b'Imana idutakisha ngo Abba!Data."

Ubu muratahura ibituma bibiri bituma tutegera Imana bitworohere uko dutera dukura?? Ica mbere n'ugukomeza kugwiza umururazi hagize uwutugirira nabi,icakabiri n'uko ibikomere vya kera mu mutima bitakize, birushiriza kuba binini. Abadayimoni benshi batuma twebwe abagabo kenshi tugwiza ishavu abapfasoni nabo bakabagira abanyabwoba naho ataco bwoba buvuyeko.Abo badayimoni badutuma tudakunda gusoma ijambo ry'imana uko bikwiriyeye, tukumva itiro bukwi na bukwi, tugatangura kudasenga, canke icyo hageze kuja gusenga , tukumva gukanya.

None inyishu n'iyihe kuri ivyo bibazo vyose?Yesu aratanga inyishu muri Matt 18:3-5"arababwira ati ndababwire ukuri: nimutirimbura ngo mucike nk'abana bato, ntimuzoruha mwinjira mu bwami bwo mw'ijuru. N'uko uzokwicisha bugufi nk'aka kana niwe mukuru mu bwami bwo mw'ijuru. Kandi uzokwakira akana kamwe nk'aka mw'izina ryanje azoba anyakiriye. Mubone neza ko Yesu atavuze ngo ducike impinja kandi,ariko nk'abakuze ngo tumere *nk'abana*.

Mu kwikuramwo ubugome n'umururazi bivuye ku kugutereranwa tutahariye. Ngo tugire umutima wuguruye utihisha kandi, koko tuzi ukuri kuri kahise k'ubuzima bwacu, ata bubabare kukot wahariye abansi bacu, Twarababariye gutyo Imana idusazako ukubabarira kwayo kuzana amahoro, "utubabarire nk'uko natwe tubabarira abatugiriye nabi" Ubu muratahura icyo Yesu yaravuze igihe yadutumirira kumukwirikira,biciye mu kwiyanika no mukwikorera umusaraba buri muni?Uku niko biri muri Luka 9:23-25:"abwira bese ati umuntu niyagomba kunkurikira, ni yianke yikorere umusaraba wiye uko bukeye, ankurikire. Kuko uwugomba gukiza ubugingo bwiye azobubura ariko uwuzoheba ubugingo bwiye kubwanje azobukiza. Kandi umuntu vyomumarira iki kwunguka ivyo ngaha mw'isi vyose niyabura ubugingo bwiye canke niyabwawako icyo? Gukunda abansi bacu ni kimwe mu kwiyanika, kuko kwankwa *bizoza*,niko,mugukunda abantu tugomba kwitega

kwankwa. Yesu ivyo ntabideha muri Matt 5:38-39” mwarumvise ko vyavuzwe ngo ijisho rihogwe rindi iryinyo rihogwe irindi?ariko jeho ndababwire: ntimugwane umunyakibi, ugukubise urushi mu musaya w’iburyo umuhindukirize n’uwundi”ariko ntibiri mu bushobozi bw’umuntu kugirira imbabazi abatubabaje, badufitiye umwenda, ni gute dutwara ibikomere biri mu mitima yacu hamwe na Data wo mw’ijuru? Ndasenga ngo Abba wacu ngo aduhe umutima wo kumutakambira nk’abasezi, ngo aduhe ubwami bwiwe, kandi ngo adutere integer na wa Mugisha wa mbere Yesu yavuga muri ya nyigisho yo kumusizi muri Matt 5:3 “hahigwa aboro mu mutima yabo kuko ubwami bwo mw’ijuru ari ubwabo.

UMUTIMA N'UMUSHAHA- IKIBUGA C-INGWANO C'UBWAMI BW'IMANA

Iyo tutaronse urukundo twuzura ishavu n'umururazi,tukaba magonyagi, none tugapfa burundu... iyo Data aronse urukundo ruke, ahinduka ntantege, ariko utwana duto turashobora kumukomeza n'urukundo rwabo zab 8:2)., ivyo nivyo satani azi kandi nico gituma agwiza ibitero kuri Data kugira arabe ko twoja kure yiwe ivyo bitero akaba yabitanguye imbere yuko tubona izuba. None satani adutera gute? mugutuma bagenzi bacu batugirira nabi, batubabaza, baturenganya n'ibindi., Yego, baratugirira nabi kandi natwe turagirira nabi abandi kuko twese twacumuye ntitwashikira ubwiza bw'Imana., satani rero akaduhenda na gose mukutwereka abatugirira nabi gusa ariko ntitubone ingene natwe tugirira nabi abandi., muvyukuri,satani aragerageza kunyegeza kahise kacu mu bwenge gutyo bikatworohera kubona ko turi intungane kurusha abandi iyo tutagendana n'Imana.

Biratwenzana ingene tubona ko abari mu mabohero ko aribo nkozi z'ikibi, ntitubone natwe ivyo twakoze, nubu tubandanya dukora, ntutubibona neza kuko imitima yacu yafutanye itunyegeza ukuri. Twese turakeneye gose umuco w'Imana n'ukuri kwayo.Yeremiya yanditse mu gice ca 17:9 “umutima uribesha kuruta ibindi vyose urwaye indwara itavugwa, ni nde yowumenya?Ni jewe uhoraho nsesa umutima nkagerageza umushaha, kugirango ngerere umuntu wese ibikwiranye n'ingeso ziwe.”Dawidi yarabitahuye neza igihe yandika zab51:6, inyuma yaho yiciye Uriya,kugira yabire umugore wiwe Batisheba: Raba ugomba ukuri hirya mu mutima mu bwigobeko bwawo uzomenyesha ubwenge.”

Dawidi yongera yandika muri zab 43:3-5 ati “nurungike se umuco wawe n'ukuri kwawe bindongore: binjane ku mugwa wawe wera no mu mahema yawe maze nzoja kugicaniro c'Imana, ku mana niyo munezero uzana ibinezaneza vyanje,ngutazirishe inanga , Mana wew mana yanje.

Mutima wanje, n'iki kigutumye wicurikira? niki gitumye umpagaramwo? niwishimire Imana kuko na none nzosubira kuyihimbaza. Niyo Gakiza ko mu maso hanje n'Imana yanje. Niko cane kwicurikira kuragenda iyo dufashijwe n'Imana turetse ubugome n'umururazi tukambara umwambaro wo guhimbaza mu gishingo c'umutima uhondobereye. (Yes 61:3) iyo kwicurikira kuvuyeho amagara yacu amera neza. Imitima yacu y'ikibuga c'Intambara aho satani agwaniriza ubushobozi bw'Imana n'ubwami bwayo., mbega turatahura ingene iyo ngwano igwanwa? mbega turatahura igituma tutipfuzwa kwegera hafi y'Imana? Dawidi yavyanditse muri zab14:2-3 ati: barazimiye iyo bava bakagera, bese banduye hamwe, ntawukora ivyiza eka ntanumwe.”, ni gute twohindukira tukagaruka ku mana *n'imitima yacu yose* nka kurya kw'utwana duto? Ese iyaba twobona ingene gwambikana, ese ukuntu isirayeli vyari kuyorohera gushika mu gihugu c'isezerano n'ukuntu twokwinjira mu karuhuko ka data, ngaha mw'isi, hamwe n'Imana Data vyose birashoboka., inyuma ya vyose niyo munyenkomezi,” ugutabagwa kwacu kubonerwa mw'izina ry'uhoraho yaremye ijuru n'isi. Zab 124:8

N'irihe tandukaniro ryabaye, igihe umusuku w'umuvugishwa Elisha Imana imwuguruye amaso akabona ukuri mumpwemu? n'irihe tandukaniro n'ivyo Elisha yariko arabona kurubuga rw'intamabara y'impwemu? Asavye Imana gusa ngo ishira uruhumyi ku maso y'ingabo z'umwami Ben Hadad, umwansi yaciye aba ntankomezi gutyo Elisha abarongorera mu murembo y'isamariya aho bategewe umutego (2abami6:14-23)

Umwami abaza Elisha at i: ndabice? Aho sinobica? Aramwishura at'eka ntubice... nibabazanire ivyo kurya n'amazi barye banywe babone kwisubirira kwa sebuja. n'ukwabarondereza ivyo kurya vyinshi bamaze kurya no kunywa arabarungika basubira kwa sebuja. Maze uhereye ubwo ibitero vy'abasiriya ntivyongera kuza.” Mbega akarorero

gahambaye k'ivy'Imana ishobora gukora kubera imbono y'impwemu Ya Elisha hamwe n'ivyo ugukunda abansi bacu bishobora gukora.

Ndasenga ngo Imana Data itwugurure amaso natwe tubone intambara y'ukuri aho iri. ko iri mu mitima yacu, aho impwemu yacu iba no mu mishaha yacu aho duhitiramwo ikibi n'iciza, aho duhitamwo Imana canke tukayirengagiza, impwemu yacu irashobora guhindura uko twiyumva. ivyo twiyumvira n'ivyo tubona, nimba bitaragushikira, ukwiye kumara igihe muri afurika. Iraca isi y'impwemu yo kwitahuriramwo, aho uburozi buhambaye bugwiriye, ariko kandi aho Imana icerekana ko isumba vyose, igahwamika satani igihe cose igerageje gukora nk'ivyo mubitangaza akorera ababimusaba bakongera bakamwumviriza. Hamwe n'ijambo ryiwe. Gutyo akabazanira amahoro n'amagara. Ibi kumbure biragoye gutahura bivanye n'uko abanyaburayi babona ibintu, aho vyoroshe gukora ibintu utarinze kwirigwa urabaza Imana ikintu nakimwe.

Urabona, iyo abantu bibagora kwemere ko hariho Imana, na satani, satani biramuhimbara. Aba yashoboye kwigiza abantu kure y'Imana. Biranamuryohera gufasha abo bantu ivyabo bigende neza." mu buryo bwabo" kugira biremeshe ko badakeneye Imana., none nikubera iki Imana nayo aca ikora mur'ivyo vyose? Ni kukubera iki itigaragaza mu buryo bugaragara kugira satani ntiyongere kudutwara kure yayo? Imana ishaka urukundo rwacu., ishaka yuko tuyirondera n'umutima wacu wose kuko isanzwe igaragara mu vyo yaremye. Ariko benshi baguma bayitera ibitugu., Paulo ivyo yavyanditse mugitabo c'aba Rom1:19-20" kuko ivy'umuntu yomenya vy'Imana vyerekanwa muri bo Iman ariyo yabiberetse. Kuko ibitaboneka vyayo nivyo bushobozi bwayo budashira n'ubumana bwayo, bibonwa neza uhereye kukuremwa kw'isi bimenyekanishwa nivyo yaremye. kugirango ntibagire ico bireguza."

Iyo mana yacu irushirizaho kwigaragaza muri y'isi y'abatizera, yashikanywe hasi n'ubwoba atari kubera urukundo. Ikibazo s'iko Imana itari bubonwe, ariko n'uko duhereza satani ikibanza kinini mu mitima yacu. Iyo ndiko ndigisha abantu ndakunda kubasigurira imigani 3:5 Aho Imana yadusezeraniye inzira itagira mwo intambanyi twemeye kujana nayo muri vyose nayo." *Wizigize uhoraho umutima wawe wose kandi ntiwishimikize ubwengw bw'iwawe umumenye mu ngendo zawe zose nawe azogorora inzira zawe.*" Izotuma ivyacu bigenda neza. Ubu rero Iryo sezerano rya Abba ndaribamwo uko bukeye uko bwije, ni muzima kandi ari mu mutima wanje muburyo bugaragara. Ni muri Africa aho abakozi b'Imana b'I buraya baheza bagatahura ibitangaza mw'ijambo ry'Imana, n'ibimenyetso vyayo n'utwumiza uno muni. Bica biba ivyoroshe gutahura ko Imana y'abisilayeli yagabuye ikiyaga gitukura ca m200 kugira ikize abantu bayo igihe bariko barayitakambira ngo ibagirire imbabazi., kandi ko Imana mugihe ca ba Gidiyoni ko yasanganyuye igisikare c'aba midiyani atakindi ikoresheje Atari gushira ivyiyumviro mubwenge bw'abagwanyi bagasubiranamwo., ko Imana yafashije Dawidi kwica Goriyati kubera ko yashaka guhagarika ko Imana y'abisirayeli icokokogwa. Hanyuma yizigira Imana ko ikiza Isirayeli., ko kungoma y'umwami Yehoshafati muri Yuda, ibitero vy'ingabo imiliyoni zikomeye za Amon-moab-sier zasubiranye mwo kubera Imana ibateye mwo ivyiyumviro mu bwenge bwabo. Kwizera ko ibitangaza Imana yakoreye muri Eliya na Elisha koko bari bazi ico bari nk'abavugishwa b'Imana ya Isirayeli, bizeye ko Yesu Christo ari umwana w'Imana nzima yakijije akazura abantu mu bapfuye, yacecekesheje ikiyaga n'imipfunda yakoze ibitangaza urudaca uko yari arongowe na Se kandi ko yashizeho imigenderanire hamwe nawe na Se akongera akaba Imana yacu, Kuri twese biciye mu kimazi gikura ivyaha yatanze ku musalaba.

Mubuzima bwacu uruhara rwampwemu Yera keshi nturuboneka ivyo bigatuma twisanga muguhemukigwa bihebuje no kudatahura., Zaburi n'imigani birabigaragaza muburyo bugaragara:*Ukubaha Imana niyo ntango y'ubwenge* Nikubera iki ukubaha Imana biduha ubwenge? Abadayimoni barashobora kutugirako uruhara nk'uko Imana n'abamalayika babishobora, ariko Imana yacu niyo yonyene ihambaye, ishobora guseniyura Satani n'abayimoni biwe, ariko ivyo ibikora iyo tuyubaha tukanayirondera.

Satani yarashangashiwe igihe Imana yarungika umwana wayo mw'isi.Yari yatanguye kugerageza kuzibira katari gake amasezerano y'Imana kuri Adam na Eva gushira inyankane hagati y'urubuto rwa Satani n'uruvyaro rw'umugore ruzosangangura satani.Ariko ntayigeze abishobora na rimwe.ubu naho Yeus hari hageze ko atangura igikogwa ciwe, n'ubundi nyene satani yongera kugerageza guhagarika Yesu kandi amugerageza imisi mirongo ineyisonzesheje igihe yari adendebukiwe bihebuje. Mwibuke Yesu yari umuntu nkuko kwawe nanje., itandukaniro rimwe n'uko ari umwana w'Imanayavyawe na Datagutyo atagira kamerermere yacu.gutyo ntiyigeze ahitamwo kugambararira ishaka rya Se nkuko Adam yabihisemwo., Mubundi buryo bwose Yesu yarameze nkatwe;Nta n'igitangaza yashobora gukora kubwiwe, ariko yasaba se ngo akimukorere, nkuko natwe dukwiye kumusaba, kandi yesu yaravyemeje" ntaco umwana ashobora kwigenera, atabonye se agikorakukw'ivyo se akora vyose umwana aca abikora kuno."Yohana 5:19", igihe rero Satani yashaka kugerageza Yesu amubaza ibibazo, mbega ni hehe Yesu yakura inyishu? Yagereranya ivyiyumviro vya Satani bisa n'uko ari ukuri yaba amuhaye hamwe n'ico ivyo Imana yanditse mw'ijambo ryayo ribivuga ko; Yesu yishuye satani ibihe yose mukuyibwira ishaka rya se ryanditse muri bibliya kandi na Satani yari arizi. Natwe niko dukwiye kubigira imisi yose, uko niko twashobora gutsinda intambara y'Imana ."Mujane nawe muri vyose azotuma inzira

zawe zose zigororka”Kumenya Ijambo ry’Imana biratugumiza mu bushake bwiwe, nimba tubishaka.Mbega si vyiza ingene Imana yacu ishobora kudukingira kubabara no kuzimira, iyo dupfuye kuyibaza? bizotubera uko niyo twaba tumwizigiye tukongera tukamushiramwo mu ngingo zose dufata.Ni Imana Se w’umwami wacu Yesu , ni Christo.

MANA DATA NA YESU KRISTO, NIBO BADUKIZA.

Gukira iikomere vyo mu mutima n'igitangaza cuzuye. umuntu afise gucanigwa kwuzuye (Dissociative Identity Disorder (DID) ivyo kera bita kameremere nyishi zivangatiranye (MPD) Multiple Personalities Disorder arashobora kurondera umuvuzi w'indwara zo mumutwe canke umuhinga muvuyinyifato akamuvura kandi ivyo bishobora gutwara imyaka ine gushika kuri itandatu yumvirizwa kabiri nundi isaha yose ku musi. hanyuma yahoo umurwayi akongera kuremerana., ariko uwo mugwayi mwen'uwu arongera akaza ragaruka kugirango bamukwirikiraneuko bagenda baramenyera indwara yiwe. imiti iba yageragejwe kurugezo rw'ubwenge, ariko ibibazo bijanye n'inyifato nkuko insiguro yo kumuzi y'iryo jambo ivyerekana, umugwayi akeneye kuvugwa no kurugezo rwo mu mpemu, hafi yavyose mubibazo bijanye n'inyifato usanga bifise inkomoko muvuyimpwemu atari mu mu vuyumviro., naho biruko, amashure ntacigisha abanyeshure ivyimpwemukuko bigisha ibishobora gusuzumwa mu buryo bwumvikana. Satani yashize agapfungu munteguro z'ivyigwa. Kuko nikubera iki abahinga mvyubuhinga basubira gusuma ivy'ubuhinga ariko ntibasuzume ivyimpwemu? Igihe cose abantu basenze Imanabivuye ku mutima ngo ibababarire kubera bagumaniye umururazi igihe kinini umuntu yababaje, noneho bagasaba Imana ngo ibafashe gukunda umwansi wabo, namaba mbona gukira neza ibikomere vy'impwemu. kwiyumvamwo umujinya n'umururazibirashobora kwongera kugaruka ariko gukomeza gusengarya sengeshobikiza burunduca gikomere. Imana izotubabarira idukize n'ibikomere vyose niyo twababarira abansi bacu, nka kurya nyene Yesu yabitwigishije muri rya sengesho. Nama mbona abantu muri Africa begera Imana muriryo sengesho, kuko ica ibishura nkako kanya uko niko abantu babona neza ukubaho kwayo.

Muri munyonyo 2018 naronse icegeranyo nari navuze mu ntangamarara, muri urunani rw'abarangozi b'aba islam bumviriza imigwi

(ABT LISTINER -CLUBS) bize bakongera bagashira mungiro kino gitabu,"gukira ibikomere vyo mu mutima"babikunze bavuze bati: "ntivyoroshe ko woduhinduzaza idini ngo tube abakiristu, ariko uko ibintu biriko biragenda, ntakindi Atari Imana., aba barongozi bari baronse ivyemezo birengeye ibiharuro kuko hamwe n'umutima ubikunzebari biteguye gushira mungiro ijamba ry'Imana. Twebwe abantu turi abanyempwemu, kandi ibikomere vyo mu mutima ni ibikomere vyo mu mpwemu, imitima yacuirakomereka iyoduciriye urubanza abaduteye ibitugumu butyo bubabajemuburyo butandukanye aho bari kudukunda.urukundo n'urwanko nivy mu mpwemukandi bitoregwa umuti mu mpwemu, Imanza twaciriye abatugiriye nabi n'umujinya mwishi dukwiye kuzifutacanke naho Imana izotere ibitugu iyo mpwemu yacu.hanyuma yicemwo ibice.Yesu yarabivuze neza muri Matt6:14-15:"kuko nimwahirira abantu ivyaha vyabo, na so wo mwijuru azobahirira namwe.ariko nimutahirira abantu ivyaha vyabo,na so nawe ntazobahirira ivyaha vyanyu."

Uhakanye ukubaho kw'Imana, canke ukayigarariza,ntamuti w'ibikomere vyo mumutima wawe uzoronka.

Uko imiryango y'abanyaburayi ikomeze kugondamira mu kutizera Imana nzima,vuba uzosanga ata masaganirizo ku bantu bipfuzaga gukira ibikomere vyo mu mutima hamwe nivy babure n'amahoro atangwa n'Imana gusa. Uno muni, ntwarante 11, 2019 turabona iryo tituka ribandanya kumuvumbuko munini,birabajemuburyo ko abantu batigira kuri kahise. Yesaya yarabivugishijwe mu buryo busa n'ubu uko imiryango yatituka *mugihe ciwe mu bwami bw'abayuda* n'I yerusalemu, ukungene abakenyezi baba abarongozi b'imiryango n'igihugu, canke abakiri bato bagatungurkugira ivy barongoye ivy vyose kuberaumujinya n'imitima yakomeretseabagabo nabo bazura ubwobagutyo umuvumo w'abagabo basambanaubabere ubuyobenko mu gihe ca Sodom na gomora

Dusomye Yesaya 3;1-12 "Raba umwami, uhoraho ny'ingabo, anyaze ab'I yerusalemu n'abayuda icishimikizo n'inkoni begamiye. Icishimikizo cose arico vyo kurya vyabo icishimikizo cose arico mazi yabo hamwe n'umuhizi n'intore n'umucamanza n'uvugishwa. N'Imana n'umupfumu n'umushingantahe n'umugabisha w'ingabo mirong'itanu n'umunyacubahiro n'umujanama n'umukozi w'umuhinga n'umupfumu w'incabanganya. Nzobaha abana abe aribo babatwara kandi imicuko niyo izobaganza. Abantu bazohahazwa, umuntu wese azohahazwa na mugenzi we umuntu wese azohahazwa n'umubanyi wiwe umusore azoshinyaguriza umutama n'inkengegwa izoshinyaguriza umunyacubahiro. Ico gihe umuntu azofata uwo bavukana mu rugo kwa se amubwire, ati ko ari wewe ufise imyambaro utuganza, n'ibi bitongozi abe ari wewe ubutwara uwo musu nawe azosemerera ati sinshobora kubasanasana kukw'iwanye ata vyo kurya ngira at n'imyambaro. ntaco mungira umutware w'abantu. Yerusalemu haradandabagiranye, I buyuda haratemvye kukururimi rwabo n'ibikogwa vyabo ari ibigarariza uhoraho. Bakajinyurira imbere y'inyonga ziwe z'icubahiro. Ishusho yo mu maso habo niyo ibagiriza. Berura icaha c'abo nk'abi sodomu, ntibagihisha. Ubugingo bwabo buzobona ibara, kuko aribo bihamagariye ivyago Mubwire umugororotsi ko azomeregwa neza, kukw'azotungwa n'ivyo ibikogwa vyawe vyamuje umunyavyaha azobona ibara! azomeregwa nabi kuko azogeregwa ingero y'ivyo amaboko yiwe yakoze. Yamara abantu banje, abana nibo babacuranguza kandi abagore nibo babaganza. Yemwe bantu banje ababarongora barabazimiza kandi bazimanganya inzira mwociyemwo. Igihe kiraje aho ubuzima butarimwo Imana butazoshoboka, mu mibano, aho kutagira ico bibanga n'ubwibone bizobasiga ata vyizigiro. Aho niho kumbure guca bugufi mu mutima bizokwongera kugaruka., Kandi kubera hazokwama hariho udusigarira tw'abizera bafise amahoro mu mitima yabo, abihebuye barashobora gutangura kubumviriza gutyo bakire ibikomere vyabo

hanyuma ikanguro ritangura uko benshi bazogaruka kwizera Imana nzima iyo dushobora kumenya biciye mu mwana wayo Yesu Christo., uwo wenyene niwe muhanuzi wukuri yabishoboye gukiza ibikomere vy'umutima, muri yesaya 9:6-7" hari ubuvugishwa bw'kuza kwa Mesiya umwami wacu Yesu Christo, yitwa"umujanama" mwumve:"ku'umwana atuvukiye, duhawe umwana w'umuhungu, ubutwar buzoba kubitugu vyiwe *azokwitwa igitangaza, umujanama* Imana y'ubushobozi,Data wa twese ahoraho. Ukugwira k'ubutware bwiwe n'amahoro ntibizogira iherezo" hanyuma aho Yesu atanguriye igikogwa ciwe muri Galilayo, ariko arasoma muri Yesaya mw'isinagogi I Nazareti,yasomye ubundi buvugishwa Yesaya yari yaravuze kuri we buvuga neza ko akiza imitima yavunitse ivyo tubisanga muri Yesaya 61:1-2 na Luka18-19 " Mpwemu w'umwami uhoraho ari kuri jewe. Nico catumye andobanuzza amavuta kugira ngo mbwire aboro(aboro mu mutima) ubutumwa bwiza, yantumye kumenyesha abarindwa ko barekuwe n'impumyi ko zihumuka (uruhumyi rwo mu mpwemu) no kubohora anywagutse umutima no kumenyesha abantu umwaka wo kwemeregwamwo n'uhoraho "Nta wundi mujanama w'ukuri mwiza atari ubutatu mana imwe. Maze kwigisha muri Africa "Gukira Ibikomere vyo mu Mutima"imyaka 11 mu busho no mu bibanono mu ma shengero kandi nasanze izi nyigisho zama zigira umwimbu kubaciye bugufi n'abameze nk'abana bashonje bipfuzza kwegera Imana yabo.. Ni we wenyene ari umujanama kandi akiza ibikomere vyo mu mutima uko imitima yasabijwe n'umururazi irekura urwanko n'amayeri kugira Imana yongere igaruke yunge kandi izane ukuri mu mutima w'umuntu aho kwigisha abantu kumenyera kubana n'ingorane zabo.

9. UKO IMANA IKIZA IBIKOMERE VYO MU MUTIMA

Gukira ntikuzanwa n'ukugerarageza kwiyibagiza ivyakubabaje mu buzima, ariko kuzanwa n'ukuvyemera, n'ukwatura umururazi ufitiye abakubabaje hamwe n'abakwanse n'ukwiringa Imana ngo itugirire ikigongwe ikure uwo mururazi mu mutima wacu.

Ibikomere vyo mu mutima, vyo mu mubiri wacu w'Impwemu, bisa n'ibikomere vyo mu mubiri uboneka. Iyo mibiri ibiri irasa cane ku buryo umuntu azomenyana n'uwundi niyo twashika mw'ijuru. Uyo umuntu afise uruguma rucafuye kukuboko hanyuma ugaca upfa kurupfuka kugira rureke kuvirirana, urwo ruguma ruzotangura kuvyimba, hamwe atagikozwe n'ukuboko kwoshobora kuvako. Uko niko bimeze no mu mubiri w'impwemu, igikomere kitavuwe gitangura kuvyimba uko bukeye uko bwije. Kuvana kububakanye bamaze imyaka myishi y'umunezero niko karorero keza k'igikomere cakera c'umutima kirushiriza kuba kinini. Ibikomere vyo mu mubiri w'impwemu navyo bikenera kwozwa, bakabikuramwo umwanda, bigakingigwa umwanda, bakabirembesha amavuta bakabitekera kugira gukira kuze. Kwemanga ko turi abanyavyaha ni uburyo bwiza bwo kwicisha bugufi imbere y'Imana, ariko ntibizana gukira icaha runaka. Yakobo Yandika muri Yakobo 5:16 "mwaturiranire ivyaha Vyanyu musengeranire kugirango mukire ingwara" Uko twaturiranira ibigabitanyo n' ivyaha vyacu, tukongera tukavyaturira Data wo mw'ijuru, imigenderanire yacu n'Imana hamwe n'abantu iraba myiza noneho gukira kukaza mu mubiri no mu mpwemu.

Natahujwe Ubushobozi budasanzwe mukungene kwatura kwacu kurema. Gutyo rero nimwature n'akanwa kanyu, muvuge gose mubireke bive ibwina mu mutima. Aba Rom 10 :8-10 habivuga neza: "Ariko kwavuze gute? kwavuze guti ijambo riri hafi yawe riri mukanwa kawe no mu mutima wawe; niryamba ryo kwizera niryamba tubigisha. kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ari umwami ukizera mu mutima ko Imana yamuzuye imukuye mu bpfuye uzokizwa. Kuko umutima ariwo

umuntu yizeresha, akaronka ukugororoka kandi akanwa akaba ariko yaturish aakaronka agakiza.” Ongera wiyumvire n’ukungene Imana yaremye ibintu ikoresheje ijambo ryayo, ko atakintu nakimwe caremwe kitaremwe na jambo, umwami wacu Yesu Christo. Gutyo, no gukira biza neza iyotwatuye kandi tugasenga gose. Nigitangaza ingene iyo tugujijekwibagira ivyadushikiye ukubabarira uwabidukoreye, umururazi uca uzimangana naho twoba tucibuka ivyadushikiye, tuba twamenye ukuri ntituzokwongera kugirira nabi abandi.

Nkuko nyene niko Imana isubira inyuma mu bikomere vyakera mu mpwemu yacu ikazana mwo amahoro n’ugukira mu mpwemu no mu mubiri wacu. Yesu ntiyehenze hamwe yavuga:” ati amahoro ndabahaye, amahoro yanje ndayabahaye, niwe mujanama, umukiza kandi niwe aduhaza amahoro mu mutima ibwina.

Birafasha iyo twibutse uwatugiriye nabi natwebwe nyene ko dukeneye imbababazi kuko twese twacumuye ku mana kandi dukeneye imbabazi zayo., n’uwatumenjeye gose arazikeneye, kandi nawe nyene Yesu yaramupfiriye. Ntidushobora gukunda Imana hanyuma ngo twanke umwana wayo yatakaye kandi ikunda. Yohana yandika muri 1 Yoh 2:9” uwuvuga kw’ari mu mucu, akanka mwene data wundi aba akiri mu mwiza na bugingo n’ubu kandi 1Yoh 4:20” Umuntu niyavuga ati nkunda Imana, akanka mwene Data wundi, aba ari umubeshi. kuko udakunda mwene data yabonye, ntabwo twashobora gukunda Imana atabonye.

Biradufasha iyo dutahuye ko twokoze nabi kuko tutababariye, ko twatanguye kubabaza abanda kuko natwe twigeze kubabazwa mur’ubwo buryo ariko ntitubabarire, gutyo, uwatubabaje yabikoze gutyo kuko nawe yababajwe muri kahise ntiyababarira.

Twabwira abantu turi abakomerekejwe na kamere nyavyaha yacu nimba tutababariria igihe cose twiyumvisemwo kwankwa. Mbega Imana izotwemerera ko tutigerera ku ngero imwe n’abandi batugiriye nabi?

nimba dukeneye imbabazi z’Imana kubera twagiriye nabi uwundi, twemere izo Mbabazi z’Imana zishike no kuri urya yatugiriye nabi. Hari ukundi Yesu yari kubitubwira kurusha mu gisabisho c’umwami wacu:, utubabarire umwenda wacu nkuko natwe tubabarira abatugiriye nabi”, mbega urabona ko uhaye Imana uruhusha ngo ntikubabarire niyo utababarira abandi? canke muri iri sengesho hari igihe runaka udakwiye kwongera kubabarira?, mbega si igitangaza ko Yesu yongera kutwigisha ati mukunde *abansi banyu* agaca yongera akabishira mu ngiro mukubabarira abafarizayo bari bamubamvye ku musaraba, bariko baramutwenga, igihe yari kumusaraba agira acikane bimwe tutoshobora kwiyumvira?

Mika niwe yavyanditse neza muri mika 6:6-8” Mbega norengukana iki imbere y’uhoraho nkunama imbere y’Imana isumba vyose? None nomurenguka imbere njanye ibimazi vyoshejwe n’inyama zimaze umwaka? Mbega uhoraho yohimbagwa n’amapfizi y’intama ibihumbi cumi canke inzuzi z’amavuta ya elayo ibihumbi cumi? Notanga imfura yanje kugicumuro canje, imbuto y’umubiri wanje nkayitanga kucaha c’umutima wanje? Ko yakweretse iciza icari co ga yewe mwana w’umuntu, mbega hari ikindi uhoraho akugombako atari ugukora ibiroranye, no gukunda kugira imbabazi, no kugendana n’Imana yawe wicishije bugufi?”

Muri zab 51:5-6” umwami Dawidi yemanga icaha ciwe giteye akoba co kwicisha umwizigigwa w’umugabisha w’ingabo Uliya kugir yabire umugore wiwe Batisheba, Dawidi yanditse ati” raba nabumbanywe ukugabitanya mu vyaha niho mama yamvyariye, raba ugomba ukuri hirya mu mutima mu *bwigobeko* bwawo uzomenyesha ubwenge.” Muri ino zaburi Dawidi agaragara nk’uwemeye kwemanga idonindo iki caha c’ukwica, kandi ko atakibasha kunyegeza umubabaro w’ivyo yakoze. Aca abandanya mu murongo w’indwi:” unyezeshye ezobu ndera: unyuhagire ndara derere kurusha uko sheregi yera. Unyumvishe umunezero

n'uguhimbagwa kugirango amagufa wavunye anezerwe Hisha inyonga zawe ivyaha vyanje usibanganye ibigabitanyo vyanje vyose, Mana ndema mwo umutima utunganye unsubstizemwo umutima uhamye, ntunte kure yo munyonga zawe, ntunkureko mpwemu wawe yera. Unkomorere umunezero w'agakiza kawe., unshigikirishe umutima ushize icira.”, Dawidi yaratahura igishobora kuva murugendo rwo gukira se wo mzwijuru yagomba amucishe mwo igihe yariko arandika uyo murongowa 13.”niho nzokwigisha inzira yawe abacumura, abanyavyaha baguhindukirire.”Dawidi yari yumvise uku gukira mu mutima wiwe igihe vyimva mutima asemereye yihana asaba Imana ngo imubabarire, umutima w'impwemu mbi, wogejwe, urakira noneho usubizwa hamwe n'impwemu yawo n'iya Data.,

Jewe, Kees Hoek, nari mfise ibikomere bibi vyatanguye kugajura imbere y'ko mvuka. Numva ndengewe,ntamasaganirizo,nkumva ndi jenyene kandi mfise mukugwanje na bashikanje babiri nkumva ko ata numwe anyitayeho., uko kukuntu niyumva haraho vyagenda, vyumwihariko igihe nakiriye Yesu nk'umwami n'umukiza , ariko vyaragarutse, noneho birantoteza hafi ubuzima bwose., Ariko sinarinzi igituma meze gutyo., sintahure icabitumye.,Satani ntiyashaka ko nibuka , ko menya kandi ngatahura ako kahise kababaje, ubu ndatahura ko kari akaryo Imana yariko irakoresha kugira kugira inshoboze gushitsa umugambi wayo muri jew, wokujana ubu butumwa bwo gukira ibikomere vyo mu mutima muri Africa ishonje mu mpwemu.

Dawidi aguma agaruka kuri iyi mpwemu yakomeretse yuzuye umururazi ijanjagurika nko muri zaburi 51:16-17”...n'uko utanezerwa ibimazi mba mbigushikaniye.Ntuhimbagwa n'ibimazi vyoshejwe, ibimazi Imana ishikanigwa n'imitima *imenetse*, umutima umenetse, *ujanjaguwe*, Mana , ntuzowukengera” Paul yanditse muri 1 Tesa 5:23-24:”Kandi Imana nyen'amahoro ibie ariyo ibeza *rwose*(ibeze gose)kandi impwemu yanyu n'ubugingo , n'umubiri vyose vyohamwe bizigamwe gose ngo bize

bisangwe bitagira umugayo aho umwami wacu Yesu Kristo azozira. Ibahamagara niyo kwizigirwano kubikora izobikora”Amina.

Ijambo ry’Imana raravuga mu bice vyishi ko umutima wacu wononekaye, ko umutima wacu ari injanjagu.Iyo tubitse umururazi,canke tukabikira inzikira abatugiriye nabi, Imana ica itera ibitugu ako gace kacu noneho igakunda uwatugiriye nabi kandi Yesu uwo nawe yaramupfiriye. Satani aca aronka uburenganzira bwo gukoresha ako gace kacu akagatandukanya n’ukwibutswa kw’impwemu yacu, ikadutandukanya n’ico turi, tugatangura kubaho ubuzima bwiwe. Ako gace gahinduka nk’umudayimoni noneho satani akagerageza kugakoresha no kugasambura. Uko niko narangije ubuzima bwanje nuzuy umubababro. Cane cane mu ndoto zanje zo mwijoro., Ariko no ku murango haraho numva ndiko ndajanwa., kumba mbindagizwa.Ivyo vyashika nko mukunyarukisha umuduga canke mugukora ibintu nihutagiza ntitegereje ibishobora kungirira nabi., Nkiri muto nama nagize amasanganya umwanya wose, igikomere kimwe kitarakira, nkaba namaze kugira ikindi canke bibiri., nipfuza gukora ivyiza,ariko kenshi sindabishobore, Imana yacu irera, kandi ntizokwemera kwifanya n’impwemu irakaye muri twebwe ariko iduhamagarira ngo :”Ni mube abera nkuko nanje ndi uwera”

Ubu murashobora kubona igituma Dawidi avuga kujanjagurika, n’igituma Paul avuga ati umutima wacu wose ube wejejwe, wera, Atari agace kamwe ariko wose?, ubu muratuhura igituma tuvuga uburanga bw’umuntu butandukanye, n’igituma abantu bakomeretse gose bahava bavamwo uburanga muntu bwishi tunyuranye, bituma biba ibikomere bikomeye bitandukanye n’umutima bikomokamwo?

Dushobora nukutaba tucibuka ivyabaye,canke ububabare twagizeariko umusha wowo wakomeretse uguma uvyumva., urabona rero ingene

murako kanya tuba ntagisha, ni vyiza ko hatariho urugezo ntarengwa rwo kubabarira uwatugiriye nabi,ariko twobabarira gute tutakivybuka?

Satani ntagomba ko twibuka igituma n'imeru y'igikomere cacu, kuko tubimenye twohava tugira ico tubikozeko, noneho tukamuva mu vyara.Ivyo tubisanga mumajambo ya Yeremiya 17:9-10: "Umutima uribeshya kuruta ibindi vyose, ugwaye indwara itavugwa: ni nde yowumenya? Ni jew uhoraho nsesa umutima, nkagerageza umushaha, kugirango ngerere umuntu weseibikwiranye n'ingeso ziwe, n'ibikwiranye n'ibikogwa vyawe vyeze." Satani rero ico akoresha agace k'umutima wacu kakomeretse ni agatikizo biciye mu kuntu twitumva nivyo agerageza kudutuma kwiyumvira, kwizera no gukora., Inkinzo imwe yonyene kurivyo n'uko agace k'impwemu yacu, kibereyeho ubuzima bwako, karekura uburyarya n'umururazikugira kongere kwiyunga n'Imana n'impwemu yacu. Imana yacu irashoboye kudutunganya., irakiza imitima yacu yakomeretse, twemeye guca bugufi tugakorana nayo.Paulo yavyanditse muri 1 Tes 5:23-24"Kandi Imana nyen'amahoro aye ariyo ibeza rwose, "izobikora!

Clemento mu baheburayo12:14-15 yita izo njanjagu z'impwemu zacu"imizi y'umururazi"mukurikire kugiriranira mahoro n'abantu bese, n'ukwezwa kuko utejejwe atazoraba umwami, mwizigame ntihagire umuntu adashikira ubuntu bw'Imana, kandi ntihagire umuzi wo kurura umera,ukabahagiirka imitima abenshi bakandura(impwemu ikandukigwa),..."

Imigani 3:5, harahambaye cane mugutahura urugendo rwo gutungana., Wizigize Uhoraho umutima wawe wose kandi ntiwishimikize ubwenge bw'iwawe."

Umumenye mu ngendo zawe zose nawe azogorora inzira zawe. (azotuma uroranigwa muri vyose ata gakosa nakamwe.)N'ukuri niyo twakorana vyose n'Imana Data tukajana nawe muri vyose mu

Rukundo, kandi tumwubashe, tuzoca tugengwa nawe gusa, nawe azosuka, hama turonke ubwege bw'impwemu buvuye kuri we, ubwenge bwiwe" (zab 111:10, imigani 9:10). None nigute twokwibuka ivyadushikiye vyose mur kahise vyadukomerekeje? Imana irazi imitima yacu, kand aha nsubiyemwo igice ca Yeremiya 17:10: nijewe uhoraho nsesa umutima, nkagerageza umushaha kugirango ngerere umuntu wese ibihwanye n'ingeso ziwe..." Egome Dawidi yavuze ukuri igihe yandika muri zaburi 124:8 "ugutabagwa kwacu kubonerwa mw'izina ry'uhoraho yaremye ijuru n'isi" Arashobora kudufasha kukwibuka kahise arindiranye igishika izo njanjagu muri twebwe ngo zize kuri we, zimusabe imbabazi kandi zibabarire abansi bacu., izo njanjagu zizoheza zisubizwe itoto zirongorere imitima yacu gukora neza n'urukundo kandi tugirira imbabazi abansi bacu, kandi dukwirikire Imana duciye bugufi.

Ni gute none, dufashijwe n'Imana twotora ibibazo vyinyegeje mu mutima wacu?

1. Dusabe Imana iduhishurire ibikomere vyinyegeje n'ububabare bitera mu mutima.

2. Rondera kumenya ibituma vy'itotezwa n'uhohotegwa tubamwo mundoto canke mu bundi buryo.

3. Rondera ibituma ubwenge burengegwa

4. Rondera kumenya igituma dushangashigwa iyo tubonye bamwe mu ncuti zacu tugatangura kubatuka.

5. Kwumva amajwi y'utujanjagu tw'impwemu tuvugana hagati yatwo cake tuvugisha twebwe nyene.

6. Abandi bantu canke icuti zacu barashobora kubona ibibazo twebwe dufise ariko twebwe tutabona, kenshi na kenshi ntibamenya ico bivako ariko usanga bazi kuturusha iyo ngeso lyo bashatse kubitubwira, gerageza kubumviriza.

7.Imibabaro myishi inyegeje mu mutim wacu,iyo tugerageje kurushiriza kumviriza abantu,kuko bisabwa ko umuntu aba yiyumva neza kugira ibigumbagumba vyawe vy'umubabaro ntivyibonekeze,kuba turikumwe n'abantu bamwe bamwe ivyo vyonyene bituma umuntu yiyumva nabi ariko kandi uko tuja kure y'abantu niko tuja kure y'Imana Data.

8.Abantu b'abagabo barakunda gushangashigwa muvuyo bakora vyose n'igihe boba bariko baranyonga mw'ibarabara. Ntibaheranwa baca baguca imbere n'umurindi mwishi, Uno musu n'abagore bameze nk'uko, ku misore ikarata ya assurance yari iyizimvye ugereraniye n'abakobwa ariko ubu murino misi bitera bihinduka gose ku murindi munini.

9.Umuntu yakomeretse ntaco yotanga kubera atagira urukundo, Yesu yarabivuze muri Matt6:22-23" itara ry'umubiri n'ijisho, ijisho ryawe iyo ari ryiza,umubiri wawe wose uba uri mu muco." Mu migani yo muri buseruko (Asiya)umuntu afise amaso meza ni umunyabuntu. Yesu yongera kuvuga ati:"ariko ijisho ryawe iyo ari ribi,umubiri wawe wose uba uri mu mwiza.nuko w muco uba muri wewe woramuka ubaye umwiza,uwo mwiza wongana ute?

10.Iyo bitubereye ibigoye gukunda abantu bamwe bamwe,biba bivanye n'ibintu bidasobanutse kuri bo bitanguye kutwibutsa mu nsigarabwenge ingorane nini muri twebwewe. Iyo binyibutsa Mat 7:1-5:"Ntimugahinyurire mu mutima namwe mukazohinyugwa.kuko uko muhinyura abandi ariko muzohinyugwa namwe, kandi ingero ingero mugeramwo muzoyigeregwa mwo namwe.Urabira iki akabango kari mu jisho rya mugenzawe?kandi inkingi iri mujisho ryawe ntuyitegereze? wobwira ute mugenzawe uti zana ngutosore akabango kari mu jisho ryawenawe ufise inkingi mu jisho ryawe?wa ndyarya we , banza witosore inkingi iri mu jisho ryawe, uheze ubone neza gutosora akabango kari mu jisho rya mugenzawe."Igihe cose mpuye n'umuntu hanyuma nkamubonako ikintu gituma ntukana,nize guca mbaza Imana

Data igituma, kuko gishobora kuba ari ikindi gikomere Imana yoba ishaka kunyereka.

10. UWAGATANU MWERANDA

Twama duhimbaza buri mwaka uwa kane mweranda n'uwagatanu mweranda nk'imisi Yesu yahimbarijeko pasika yanyuma hamwe n'bigishwa biwe. Hamwe n'ugupfa kwiwe ku musalaba kubera ivyaha

vycu... Yesu nabigishwa biwe bahimbaza mu buryo butangaje bw'abana b'isirayelibava mu buja muri egipta mu gutanga ikimazi c'umwagazi w'Intama utagira agasembwa no mugushira amaraso yawo kugishimariyango c'inzu yabo nk'igisabwa kugira bacungugwe., Ariko Yesu we yarahanze amaso ukuntu Data mugihe nyaco azoba ikimazi kizima c'Imana, kitagira agasembwa, kizocungura abantu bose bo mw'iyi si, akabakura mu ngoyi z'ubuja bwa satani, bizosaba ko Yesu aheba ubuzima bwiwe ku bwacu., yagize ibigumbagumba vyishi murico gihe, , mu mubabaro uhebuje w'ivyo mana Data yashaka ko acamwo mu masaha 24 yakurirkira. Ariko abigishwa biwe ntibatahuye ivyo umwigisha wabo yagira akorebo bariko bagwanir kwicara iburyo bwiwe niyo bashika mwijuru iwe. ntanumwe yashaka kwoza ibirenge vy'abantu nk'abo., Mbere n'ico gikogwa Yesu yagira akore, ngo abigishe ikindi cigwa ko"umukuru mu bandi mu bwami bw'Imana n'uwubakorera" ubu naho bari bahejeje isangira rya nyuma mu nzu yo hejuru aho yashobora kubona ikiyaya c'ikederoni, n'itongo ry'igetsemani, ku ntango y'umusozo wa olive. Umwami wacu yarakunda guhuriraho n'abigishwa biwe, Urupfu rw'umwami Yesu rwariko rurabiragira narirya yuda yari yamaze kugenda kumugura ibingoro bingaha., "Yuda arampemukiye nkuko vyari vyaravuzwe, abandi nabo bose bahava basanzara bamveko, simoni Petero nawe ahava amwihakana ko atigeze amumenya? Maze imyaka itatu ndabategura kugira bozokwigishe ubutumwa bwiza, ariko bariko barahunga, Data, mbega ubwami bwawe buzomera gute?"

Mbega turatahura ibibintu uko vyari bimeze? Yesu ariko aritegurira kwiremeka ivyaha vyacu twese kugira arihe ikiguzi c'urupfu ariko turiko turamuhunga kugira tuyanyage. Ejo azoba ari uwagatanu mweranda kuri twebwe, mbega no kuri yesu n'uko?

Aravye hejuru abona uruzabibu hejuru ruzana agatutu kuri iyo nzu yo hejuru, kibakingira izuba, noneho atangura gusezera abigishwa biwe" ati ni jewe muzabibu w'ukuri Data niwe nyene wo, ishami ryose ryo kuri

jewe ritama, arikuraho kandi iryama ryose arariturira, ngo rirushirize kwama, N’ubu mwebwe mumaze kwezwa k’ubw’ijamb nababwiye, ni mugume muri jewe nanje ngume muri , mwebwe. Nk’ukwi ishami ritabasha kwama ritagumye mu muzabibu niko namwe mutabibasha mutagumye muri jewe. Ni jewe muzabibu namwe muri amashami, uwuguma muri jewe nanje nkaguma muri we uwo niwe yama cane kuko ataco mushobora gukora mutamfise.” Yoh 5:1-5. Hahenze indwi zingahe, yesu noneho yongera kubibatahuza neza igihe abigishwa biwe bari baraye bararoba ijoro ryose mu kiyaga c’igalile ntibaronke n’ikintu nakimwe., Yesu noneho abafasha kuroba nyishi, abereka ko tutari umwe nawe ataco tubasha gukora neza.

Amashami atama akugwa kugiti, yongera kubibabwira, mwebwe mwamaze kwezwa kubw’ijambo nababwiye.” Ni kubera iki ababwira artyo? Umenga ntaho bihuriye n’ugututurira amashami. Urabona, kuvuga gututurira mashamikugira tugwize ivyamwa, yariko avuga gukiza ibikomere vyo mu mutimakuko ivyo bikomere bitangira igikogwa ca mpwemu Yeara aba muri twebwe., uko ibikomere bikira, niko turushiriza kwamira yesu ivyamwa mu bwami. Igihe bariko baramanuka ku mpinga y’umusizi aho yakunda kwigishiriza, mw’itongo ry’I Getsemane, aho Yuda azananye n’abateramyi b’ingoro baje kumufata,, yesu abaganiriza mu buryo bwumvikana gose kurusha mbere kugira bamugume iruhande. Naho azoba atakiri kumwe nabo. yaravyoroheje gushika aho bonyene batangura kumubwira bati, ubu rero uriko uravuga ufoboroye ubu turemeza ko uzi vyose, kubw’ivyo ko waje uva ku mana.”

Bashitse mw’itongo ry’I Getsemane,, asiga nabamwe batatu mu bigishwa biwe yizigira aja gusenga yinginga Se abwira abigishwa biwe ati “umutima wanje uri n’akabonge kagomba kunyica, ba muragumye aha mubane maso nanje” yunguruza imbere gatoya arubama arasenga ati Data, asangwa vyoshoboka, iki gikombe nikindengane, ariko ntibibe

uko jewe ngomba ariko bibe uko wew nyene ugomba”, Muri uwo mubabaro, yabize icuya c’amaraso ariko agamburukira se mukwemera guheba ubuzma bwiwe ku bwacu, intama ziwe. Noneho abigishwa biwe pfa mpfe barisinzirira.

Uwo ni uwagatanu mweranda kuri Yesu, birarengeye ubwenge ko yesu yemeye guheba ubugingo bwiwe kubwacu kugira agamburukire mu mubabaro mwishi, mu mpera wabaye uwagatanu mwerand kuri Yesu, no ku Mna Data na twese aho yasemerera avuga ati”birarangiye”kandi, yizeye se wiwe ashira umutima wiwe muri we.yagamburukiye se no murico gihe kugira atwizurize n’Imana Se akongera akaba Mana Data.Hari uwiteguye muri twebwe kwizigira Imana nkuko ?Kuri Pasika, mu gatondo Yesu yazutse mu bapfuye kubera ico, natwe tuzozuka mu bapfuye, ego turakunda guhimbaza Pasika, ariko turiteguye guha Yesu uwagatanu mweranda hamwe abidusavye?, turiteguriye kuguma muriwe tubanje kwanka kameremere yacu tukiremeka umusaraba wacu, nkuko yahevyeye ivyipfuzo vyawe akiremeka umusaraba wiwe, kuwagatanu mweranda akagamburukira Se?,uko niko yamiye ivyamwa vyishi ubwiza bwa Se. Mbega turagomba ko Yesu aba muri twebwe, nkuko Paul yavyanditse mu ba Galatiya4:19 ati ”bana banje bato, abo nongera kuramukwa, gushitsa aho ishusho ya kristo izoremegwa muri mwebwe.”Uwagatanu mweranda wabaye umusi ntibagigwa mu buzima bwa Yesu, kandi uko shishikara kuremwa muri twebwe azorushiriza kutururumbamwo. , inginga Data asuke urukundo rwishi mu mitima yacu gushika aho wokwifuza guheba ubuzima bwawe kubwiwe.Uku niko novuga mu majambo yiwanje 5:3”ati hahiriwe aboro mu mitima yabo kuko ubwami bwo mw’ijuru ari ubwabo.”

11. ISENGESHO RYO GUKIRA

Imbere yuko ndakurongorera mw'isengesho Data wo mw'ijuru yama yishura iyo rivuye mu mutima ubishaka, nashaka ndaguhe akarorero ingene Imana yishuye amasengesho y'abantu.

- Umuntu akiri muto yimereye neza yari amaze imyaka itanu mu mpiba ubugira kabiri abavyeyi biwe basa n'abatanye

n'akabando. Ishengero ryabo ryizera ko iyo umuntu yakoze icaha kinini baca bongera kumubatiza ariko ntibari gusubira kumubatiza kandi. Nariko ndarongora mw'isengesho impfungwa dusaba Data ngo atwereke ibikomere yongere akize imitima yabo, uwo musore yibutse umururazi yarafitiye abavyeyi biwe kubera bamuhevye bakaba batigeze baza kumuraba muriyo myaka itanu yose, aca atangura gusaba Imana ngo imubabarire kubera yatanguye kwanka abavyeyi biwe kandi Imana yoyo ibakunda, yigiza kure wa mururazi wari mu mutima wiwe. Umusi ukwirikira 9h:00 bari ngaho baje kumuraba.

- Muri 2013, nari maze imisi itatu nkora igikogwa mugasho ka Samfya muri Zambia. Turiko turangiza inyigisho kwisengesho ryo gukira, hakwirikiye ibatisimu ry'abagabo 33 hamwe n'abagore 5 mukagazo gato kari aho hanze y'impimba.

Vyarashitse kubagabo babiri aho umugabo yahagurutse kumavi yiwe ahejeje kubatizwa ukuboko kutaboneka gusunikira umutwe wiwe mu mazi atangura guta amaguru n'amaboko nkuko womenga aratwawe. Bagenzi we bariruka bamukurayo babashira ku musozi humutse nahonyene baguma bagwana nk'abagira bapfe umwanya utari muto gushika baronke amahoro, imisi ibiri iheze abo bagabo bongeye kuja hamwe begera uwujewe gufasha abanyororo baramubwira bati "ntitwari tuzi ko ubuzima bushobora kuryoha bukabamwo amahoro"

- Umuvuga butumwa narinzi yuzuye amavuta mu gasho gakuru ka Rusaka, Zambia mu mwaka 2011 na 2012 ariko arongorera imbohe mu gutazira Imana mu kibuga c'agasho. Muri 2014, namusanze mu kumba arinzwe cane kuko yagirizwa ubusuma akoresheje ibigwanisho bicira umuriro yaciriwe urubanza rw'imyaka 15, wew yarazi neza ko ico caha ataco yakoze ko ariko

ararenganywa., Aca ahesha Imana icubuhira aho mugasho nyene aba aramukorera hari haza haheze imyaka ine yose. Bari baza bamushinze kuganza abandi banyororo mu gasho karimwo imiyabaga. Yaraje mu nyigisho zanje zimara imisi itatu, ku mus iwa nyuma, igihe nariko ndigisha kubijanye na (DID) Dissociative Identity Disorder umuntu afise ikibazo co mumutwe aho usanga afise uburanga bubiri aho igira inyifato zitandukanye mubihe runaka, aca asabako yoshinga intahe yico Imana yaraye imukoreye mw'ijoro rya keye. Mbere yaho nari nafashije abanyororo muri rya sengesho ryo gukira ibikomere vyo mu mutima, ubu rero adushingira intahe ico Imana yaraye imukoreye.

Yari yarabaye umuvuga butumwa rurangiranwa mu makungu munyaka y'imbere kandi yari umwungere, w'amashengero inyuma yuko muri 1983 agiye muhira kubera Se yari yitavye Imana. Yar'umwami canke umutware w'ihanga rinini rifise abaganwa muburongozi bwiwe. Nk'umuhungu w'imfura yari yaciye yemera kuja mu kibanza ciwe, akwirikije imigigwa kavukire. Kuva yemeye guca mu migigwa, Se wiwe ntiyigeze amuha amahoro, ntajoro narimwe atamubuza amahoro mu buzima bwiwe. Muri iryo joro yari yasavye Imana ngo imubabarire kubera yanse se iyo myaka yose, muri iryo niho yari yasubiye kuba uwidegemvya mu mpwemu. Yitandukanije n'iryo totezwa ry'impwe mbi. Muntaha yiwe yaguma arira kubera kworoherwa amahoro yongeye kuronka, n'amashimwe. Nasubiye guhura nawe mu Rusaka muri 2018 ambwira ko izo mpwemu mbi zitongeye kugaruka.

- Muri 2015 hari umugabo yantumbereye igihe nariko ndava mu mpimba ya Kanwala y' I Rusaka mpejeje inyigisho z'umusi umwe. Nari ndamuzi imisi itari mike ari umuvyeyi w'imiyabaga iri mu mpimba muri Iryo bohero. Ansaba kumusengera kubera yaramaza

imyaka 25 ari mu mpimba kandi nta n'umwe yari bwigere aza kumusuhuza." Ntingirango ufitiye agashavu kenshi abavyeyi bawe n'abagenzi bawe" ndamubajije ivyo yanishiyu yihanukiriye ati "ego Caane!". Ndamusaba ko yogira ico abwiye Imana kurivyo, hanyuma ndamubwira amajambo yovuga, ndamurongora mw'isengesho yo gukira ibikomere vyo mu mutima iryo nama nkoresha aho ngiye hose., Naramubonye ariko arasenga yinginga Imana Data mu kanya katari gato hanyuma ndamusaba arahumiriza turasenga., inyuma y'imisi mike nkiri ngaho murako gasho, umusi wakwirikiye rya sengesho , umugenzi wiwe pfa mpfe ava ahitwa Livingstone kuri km 450 yamugendeye sa kumi kur'uwo Muhingamo.

Imana ni nzima, ntisinziye, canke ntiriko ija kure, ntiyahejeje kuturema hama ngo ice iduterera ngaho. Bigaragara, ntiyari kubigira gutyo kuko yaturemye ngo tube umunezero n'ivyirato vyayo. Iturindiranye igishika cinshi ngo tuyegere nk'utwana duto, tuyikunda kandi tuyizeye n'umutima wacu wose. Woshobora kuyisaba ngo igufashe muri runo rugendo rwo kuyegera mukuyisaba ngo igukirize umutima, naho ari urugendo rurerure, intambwe imwe kuyindi?

Ngiri isengesho mpora mfashisha igihe cose ndiko nkora ico gikogwa, kandi ndazi ko Mana Data akora igitangaza mu mutima wawe nawe. Aya majambo rero si maJi, iri ni isengesho ryo hagati yawe n'Imana Data, nturisubiremwo uko ndabivuga nimba bitavuye ibwina mu mutima wawe. Rero banza usome iri sengesho wumve yuko urikunda. Hanyuma niwaba uriko urasenga, urivuge cane kugira ngo risohoke rivuye I bwina muri wewe.. Imana Data iguhezagire., Niyo Imana yakwibutsa ikintu kikubabaza,, ntugifukire kandi, bwira Imana ido

n'ido uko vyagenze, naho bigoye kubikora, ni ako gace k'umutima wawe kakomeretse gakwiye gusubiza hamwe n'Imana.

“ Mana Data,ndagukengurukiye ko wankunze urukundo rungana rutyo gushika aho utanga umwana wawe w'ikinege kugirango arihe umwenda w'ivyaha vyanje kugira ngo nshobore kukwegera.Ndashaka kugukunda nkuko wankunze,ariko ntivyoroshe ndavy'umururazi winyegeje mu mutima wanje.Woshobora kunkiza ibikomere mu mutima wanje bimbuza kukwegera?, Akatari gake narababajwe kandi nagumanye umururazi kubangiriye nabi ntababariye ntako ndavyibagira.Woshobora kumfasha kubona icanteye umururazi mu mumutima kuva igihe nababariyeko kurusha ibindi?”

Ubu rero tekana wumvirize Imana n'umutima wawe, hanyuma niyo wibuka icakubabaje cane, ntugikureho ngo n'uko cakubabaje cane, utegerezwa kugitorera umuti hamwe n'Imana.

Bwira Imana uko vyagenze, ata nakimwe ikwibukije urengejeko, naho coba kibabaje, Hanyuma yibaze:”ntubona igituma nagize umururazi?”Iragutahura kandi yababaranye nawe kenshi,fata akanya kose wipfuzza uvugane nayo.

Hanyuma ndangiza dusengera hamwe haheze iminota itanu canke irenga ndindiriye ko rya sengesho ryawe n'Imana rirangira:

“ Data urakoze kunyumviriza,no kunyibutsa ivyambabaje,ndasavye imbabazi kuko nagumanye umururazi kuri.....(uzuza izina)kuva kera,nigute noshobora kwanka.....nawe umukunda nkuko unkunda, mbabarira.Ubu ndatahura ko nazize ivyo nawe yazize nimba ari ukwankwa canke ukurenganywa.;nagomba kuba naramugiriye imbabazi nkuko niteze imbabazi zawe, wongirira imbabazi hanyuma,Yesu ugakura uwu mururazi mu mutima wanje ugaheza ukaza ukiberayo?, sinshaka umururazi kandi , mfasha kumukunda,

ndakwinginze umuhezagire.....nkuko nawe akeneye imbabazi zawe?, Data, ndahevyeye ivyo nari nibaza vyose ko ari uburenganzira bwanje,kandi nabe ari wewe uba umucamanza agororotse. Urakoze Data kubw'urukundo rwawe,no kumbohora kur'uyu mururazi.Amina.”

Kugikomere kinini gukira birashobora kudashoka biza ku ncuro yambere usenze,ongere kandi usenge wumvise bikenewe, canke akatari gake gushika ukire neza.

Nkuko twubaka uruhome rudukikuje mukudaharira, itafari rimwe kuri ndi, kugira abantu tubashire kure yacu,urwo ruhome natwe nyene rudushira kure y'Imana., ubu rero dutegerezwa kurondera gukira, gutunganywa, intambwe kuyindi, itafari ku rindi. Igihe cose uzorekura,uzokumva uhwahutse nkuko womenga umutwaro ukuvuye kubitugu.Ivyo nivyo kandi noco gituma Yesu yavuze ati :” ingata yanje iraroroshe, umutwaro wanje urahwahutse.”

Nimba udashizwe,nturuhuke,igihe kizoteba kize niyo wemerera Imana igakiza ibikomere vyakubabaje, noneho cagihome gisenyuke. Ivyo ntibisigura ko uzoba ubaye uwutunganye gose, ivyo si ivyacu kuri runo ruhande rw'ibihe bidashira, ariko ivyo iyo biheze,bizocika ivyoroshe kwegera Imana kuba umuhungu canke umukobwa akuze mu mpwemu. Ivyo Paulo yavyanditse mu ba Rom8:14:” abarongogwa na mpwemu w'Imana abo nibo bana b'Imana.” Iga kumureka akurongore,niwe azi neza ibiri vyiza kuri twebwe,ntukongere gukora ibintu uko uvyigombeye wenyene,, umwitangiye imbere, ariko ureke Imana Data akurongore kandi akorane nawe.

